# Қарақалпақ кийими

# Каракалпакский костюм



Өзбекстан Республикасы
Илимлер Академиясы
Қарақалпақстан Бөлими
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим
изертлеў институты

Каракалпакский
научно-исследовательский
институт гуманитарных наук
Каракалпакское отделение Академии наук
Республики Узбекистан

# ҚАРАҚАЛПАҚ КИЙИМИ. ФОТОАЛЬБОМ

# КАРАКАЛПАКСКИЙ КОСТЮМ. ФОТОАЛЬБОМ

Текстти дүзгенлер:
Текст составили: *Карлыбаев М.А., Курбанова З.И.*

Жуўаплы редакторлар:
Ответственные редакторы: *Аимбетов Н.К., Карлыбаев М.А.*

Пикир билдириўшилер:
Рецензенты: *Баллиева Р.*
*Камалова Р.*

Нөкис – 2014 – Нукус

**Карлыбаев М., Курбанова З.**
**Каракалпакский костюм.** – Научно-художественное издание-фотоальбом. На каракалп. и рус. яз. Нукус: «Илим». 2013. – 64 с. Илл.
ISBN 978-9943-374-35-5

УДК (084.121)391(=943.11)
ББК 63.5
К 21

Бул басылым «Қарақалпақ кийими» фотоальбомын баспаға таярлаў ҳәм шығарыў» атлы ИФА-2012-1-2ФА-И1-Г11 инновациялық жойбар нәтийжесинде таярланды. Жойбардың мақсети – XIX-XX әә. мәденият системасында халық кийиминиң тийкарғы раўажланыў тенденцияларын анализлеў, халық кийиминиң элементлерин мәдений-тарийхый феномен сыпатында тәриплеўден ибарат. Ең тийкарғы итибар кийимниң конструктив өзгешеликлерине, жийи қолланылатуғын рең ҳәм нағысларға қаратылды.

Альбомда Республикалық үлкетаныў музейи, И.В.Савицкий атындағы Мәмлекетлик көркем өнер музейи, Россия этнографиялық музейи фондларындағы кийим коллекциялары менен бирге заманагөй дизайнерлердиң ең дыққатқа ылайық кийим үлгилеринен пайдаланылды.

ӨзР ИА ҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Илимий Кеңесиниң шешими менен баспаға усынылды.

Данное издание является результатом инновационного проекта «Подготовка и издание фотоальбома «Каракалпакский костюм» ИФА-2012-1-2ФА-И1-Г11, целью которого был анализ основных тенденций развития народного костюма в системе культуры XIX-XX вв., описание элементов народного костюма как культурно-исторического феномена. В качестве основных моментов выделены конструктивные особенности, цветовые приоритеты и декоративные доминанты.

В альбоме использованы коллекции одежды из фондов Республиканского Краеведческого музея, Государственного музея искусств им. И.В.Савицкого, Российского этнографического музея и наиболее удачные образцы современных дизайнеров.

Печатается по решению Ученого Совета Каракалпакского НИИ гуманитарных наук ККО АН РУз.

ISBN 978-9943-374-35-5

УДК (084.121)391(=943.11)
ББК 63.5

© ККНИИГН ККОАНРУз
© «Илим»

Барлық ҳуқықлар сақланады. Авторлардың ҳәм баспахананың жазба түрдеги рухсатысыз бул китапты қайта шығарыў, нусқалаў ҳәм ҳеш бир бөлегин Интернетке жайғастырыў мүмкин емес.
Все права сохранены. Воспроизведение, копирование и размещение в Интернете любой части издания не могут быть сделаны без письменного разрешения авторов и издательства.

# КИРИСИЎ

Миллий мәденият ҳәм көркем өнер пүткил тарийхый өтмиш даўамында үлкен әхмийетке ийе болып келген. Онда халықтың тарийхы, басқа халықлар менен этномәдений байланыслары, эстетикалық нормалары сәўлеленген. Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин дәстүрий, миллий көркем өнерди, соның ишинде кестешилик, бисер тоқыў х.т.б. қайта тиклеў жумыслары хәўиж алды.

Ата-бабаларымыздың мәдений мийрасларына дыққат-итибар қаратыў – XX әсирдиң ақыры – XXI әсирдиң басындағы пүткил Өзбекстан көркем өнерине тән қубылыс. Қарақалпақстанда соңғы бирнеше он жыллықлар даўамында жүз берген социал-экономикалык өзгерислер, коммуникатив байланыслардың жеделлесиўи ақыбетинде миллий мәдениятымыздың трансформацияланыўы (түр өзгертиўи), дәстүрли миллий өнерментшиликтиң түрлери менен айырым таярлаў усылларының жоқ болып кетиўине байланыслы халық өнерментшилигин раўажландырыў айрықша әхмийетке ийе. Қарақалпақ миллий кийимлеринде де безеўшилик-әмелий көркем өнеримиздиң оғада бай дәстүрлери жәмленген болып, олар халқымыздың эстетикалық түсиниклери менен талғамларын сәўлелендиреди, руўхый ҳәм тарийхый тәжирийбелердиң әўладтан-әўладқа жетип келиўин тәмийинлейди.

Қарақалпақ кийиминиң өзине тән тәкирарланбас өзгешеликлери бар. Мәселен, қарақалпақ ҳаял-қызларының кийими, ондағы кестелердиң бир-бирине уйғынласқан реңлерге оғада бай екенлиги себепли де кеңнен танылған. Кестешиликте халқымыздың әсирлер даўамында қәлиплескен көркемлик ҳәм эстетикалық талғам-тәжирийбеси, нағыслар менен безелген әлўан түрли образлар дүньясы сәўлеленген. Сонлықтан да ҳәзирги ўақытта халық дәстүрлерин қолланған халда кестешилик өнерин қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўға талап оғада күшли.

XIX әсирдиң ақыры – XX әсир басларына тийисли болған, Қарақалпақстанда ҳәм оннан тысқарыда жайласқан музейлерде сақлаўлы қарақалпақ кестешилик өнериниң үлгилери усы миллий көркем өнер түриниң раўажланыўы басқышларын үйрениў имканиятын береди. Олардың арасында халықтың эстетикалық талғамлары менен сезимлерин қәлиплестириўге унамлы тәсирин тийгизетуғын көркем өнердиң дүрданалары да ушырасады. Сол себепли халық кестешилигиниң усындай үлгилерин бүгинги турмысымызға енгизиўге, көркем өнер дәстүрлерин қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўға болған тилек ҳәм умтылыслардың болыўы тәбийий қубылыс.

# ВВЕДЕНИЕ

Национальное искусство всегда имело огромное значение в течение всего исторического прошлого. В нем нашли отражение история народа, его этнокультурные связи с другими народами, эстетические нормы. С обретением независимости начался процесс возрождения традиционного, национального искусства: таких его видов как вышивка, бисероплетение и т.д.

Обращение к культурному наследию предков является знаковым для всего узбекистанского искусства конца XX - начала XXI веков. В условиях Каракалпакстана, где кардинальные социально-экономические перемены, интенсификация коммуникативных связей последних десятилетий привели к серьезной трансформации национальных культур, утрате традиционных видов ремесел и техники исполнения отдельных ее видов, развитие народного ремесла имеет огромное значение. Национальный костюм, в котором с наибольшей полнотой воплотились богатейшие традиции каракалпакского декоративно-прикладного искусства, является выразителем эстетических представлений народа, обеспечивает передачу из поколения в поколение духовного и исторического опыта.

Каракалпакский костюм имеет самобытные и неповторимые черты. Так, например, каракалпакская женская одежда пользуется популярностью, благодаря богатой цветовой гамме вышивки. С вышивкой связан огромный мир орнаментальных образов, веками складывавшийся художественный и эстетический опыт народа. Поэтому в настоящее время существует потребность в возрождении и развитии искусства вышивки с применением народных традиций.

Образцы каракалпакской вышивки, относящиеся к концу XIX – началу XX вв., хранящиеся в фондах музеев Каракалпакстана и за его пределами, дают возможность проследить историю развития этого вида народного искусства. Среди них встречаются выдающиеся произведения искусства, оказывающие определенное влияние на формирование эстетических вкусов и взглядов. Поэтому естественно желание и потребность во внедрении этих элементов народной вышивки в современный быт, возрождение и развитие художественных традиций.

В нашем регионе существует определенный потенциал для творчества в сфере проектирования современной одежды с национальными компонентами. Большую актуальность обретает создание сценического костюма, отражающего национальный колорит. Однако, организация республиканского конкурса национального костюма показала недостаточность опыта местных мастериц по соз-

Елимизде миллий колоритти сақлаған халда заманагөй либаслардың дизайнларын дөретиў ушын жетерли потенциал бар. Миллий өзгешеликти сәўлелендиретуғын сахналық кийимлерди жаратыў да актуал мәселе болып есапланады. Лекин, миллий кийимлер бойынша өткерилип киятырған республикалық таңлаўлар халқымыз арасынан шыққан шебер хаял-қызларымыздың кийим дөретиў бойынша, миллий өзгешеликлерди есапқа алған халда заманагөй кийимлерди дөретиўде тәжирийбелериниң еле де болса аз екенлигин көрсетип атыр. Тигиўшилердиң миллий кийимлер ҳәм халық нағыслары туўралы билимлериниң жетерли емеслиги себепли, олар тек миллий кийим дәстүрлерине үстиртин еликлеў менен ғана шекленип, реңлер ҳәм нағыслардың уйғынлығына итибар бермей атыр. Бул, өз гезегинде, дөретиўшилик ушын тийкарғы дәрек сыпатындағы қарақалпақ миллий кийиминиң көркемлик дүзилиси өзгешеликлерин, безеў усыллары менен нағыслардың мазмун-мағанасын ашып бериўге бағышланған, сондай-ақ, заманагөй кийимлер дизайнында этникалық элементлер менен мотивлерден пайдаланыў мүмкиншиликлерин көрсетип беретуғын басылымларды жаратыў зәрүрлигин көрсетпекте.

Миллий кийимди тиклеў, оны заманагөй сахналық кийим түринде раўажландырыў, бүгинги күндеги таярланып атырған миллий кийимлер дизайнында миллий колориттен пайдаланыў – оғада әҳмийетли мәселе. Бизиң бул китабымыз художник-дизайнерлеримизге, өнермент хаял-қызларымызға дәстүрий қарақалпақ миллий кийимлериниң барлық түрлерин қайта тиклеўде, сондай-ақ өзинде миллий дәстүрлеримиз бенен ҳәзирги күндеги тенденцияларды уйғынластырған кийимлер жаратыўда пайдалы болады деген үмиттемиз.

Китап-альбомды таярлаўда И.В.Богословская, Дэвид ҳәм Сью Ричардсонлар (David and Sue Richardson), А.Нурымбетовалардың жеке архивинен, Санкт Петербургтағы Россия этнография музейинен алынған сүўретлер, сондай-ақ Нөкистеги Республикалық үлкетаныў музейиниң ҳәм Өзбекстан ИА Қарақалпақстан бөлими китапханасы фондларындағы 1920-30-жыллары елимизде болған изертлеўши А.Мелковтың сүўретлеринен нусқалар пайдаланылды.

Текстти дүзиўде А.С.Морозова, Х.Есбергенов, А.Алламуратовлардың мийнетлери тийкарғы дерек сыпатында пайдаланылды.

данию костюмов, развитию современного дизайна с использованием национальных особенностей. Недостаточные знания мастериц о национальном костюме и народном орнаменте приводят зачастую лишь к поверхностному подражанию традициям национального костюма, нарушению цветового строя и орнаментации. Это, в свою очередь, указывает на острую потребность в печатных изданиях, посвященных выявлению особенностей художественной структуры, декоративного решения и семантических особенностей каракалпакского национального костюма как творческого первоисточника, а также раскрывающих всю полноту возможностей использования этнических элементов и мотивов в современном дизайне одежды.

Проблема возрождения национальной одежды, развития ее в виде современного сценического костюма, использования национального колорита в современных дизайнах особенно важна. Надеемся, что данное издание окажется полезным художникам-дизайнерам одежды в воссоздании всего комплекса традиционной каракалпакской одежды, а также в создании современной одежды, сочетающей в себе национальные традиции и современные тенденции.

В книге использованы фотографии из личных архивов И.В.Богословской, Дэвид и Сью Ричардсонов (David and Sue Richardson), из архива Российского этнографического музея в Санкт Петербурге, а также копии фотографий из альбома А.Мелкова из фондов Республиканского краеведческого музея и фундаментальной библиотеки Каракалпакского отделения АН РУз.

Основным источником при составлении текста послужили работы А.С.Морозовой, Х.Есбергенова, А.Алламуратова.



# КИЙИМ-КЕНШЕК УШЫН ГЕЗЛЕМЕЛЕР

А.С.Морозованың мағлыўматларына қарағанда, ХХ әсирдиң басларында қарақалпақлар кийим-кеншек ушын қолдан тоқылған ҳәм фабрикада тоқылған (сырттан келтирилген) пахта, жипек ҳәм жүн гезлемелерден пайдаланған. Күнделикли кийим-кеншеклерди қолдан тоқылған пахта гезлемелерден, ал байрам кийимлерин фабрикада тоқылған гезлемелерден тиккен.

**Пахта гезлемелер**. Кийим-кеншекти таярлаўда фабрикада таярланған (сырттан келтирилген) пахта гезлемелерден *шыт*тың ҳәрқыйлы түрлери, *сатин, ақ бөз, ала тептик*, үстки кийим ушын ҳәрқыйлы қара реңли қалың гезлемелер пайдаланылған. Қарақалпақлар фабрикада таярланған пахта гезлемелердиң ҳәммесин «таўар» сөзи менен, олардың реңлерине, нағысларына қарап атаған: *ақ таўар, қара таўар* х.т.б. Бадам тәризли нағыс түсирилген қызғыш шыт гезлеме *айдынлы* деп аталған ҳәм ол ҳаял-қызлардың ең сүйикли материалы болған.

Жергиликли қолдан тоқылған ҳәм Хийўадан келтирилген гезлемелерден көбинесе бөзлер ҳәм алашалар қолланылған. Үстки кийим ушын қарақалпақлар тийкарынан қызғылт-көк реңли сызықлар түсирилип, қолдан тоқылған гезлемелерден пайдаланған. Гезлеме қатты ҳәм жылтыр болыўы ушын оны жақсылап мөрелеген.

Халық арасында қолдан гезлеме тоқыў өнери әзелден кең раўажланған. Ҳәр бир қарақалпақ ҳаял-қызы пахтадан жип ийирип, оннан гезлеме тоқыўды билген, өнердиң бул түри ҳәтте пахта өсирилмеген жерлерде де жақсы раўажланған.

Гезлемени арнаўлы үскенеде мөрелеген. Мөрелеў техникасын үй шараятында ислеўши тоқымашы ҳаял-қызлар билмеген, себеби мөрелеў үскенеси әдеўир қәрежет талап еткен, соның ушын да мөрелеў иси ер адамлардың қолында болған. Қолда тоқылған гезлемелерди сатып алыўшылар да мөрелеў устаханаларының ийелери болған. Олар тоқыўшы ҳаял-қызларды керекли жип пенен тәмийинлеп, оларға алдыннан пул төлеп, таяр өнимлердиң барлығын базардан гөре арзан баҳада сатып алып отырған.

**Жипек гезлемелер.** Қарақалпақлар арасында жипек тоқымашылығы раўажланбаған. Жипек гезлемелер тийкарынан Хийўа, Бухара, Самарқанд, Ферғанадан алып келинген. Жипек гезлемелерди қолдан тоқыў менен аз көлемде ҳәзирги Қарақалпақстанның қубла районларында жасаўшы адамлар шуғылланған. Бирақ, соған қарамастан, жипектен тигилген кийимлер қарақалпақлар арасында кеңнен тарқалған.

# ТКАНИ ДЛЯ ОДЕЖДЫ

По сведениям А.С.Морозовой, в первой четверти XX в. каракалпаки использовали для одежды различные виды тканей – хлопчатобумажные, шелковые и шерстяные – кустарного производства и фабричные. Для рабочего платья население предпочитало кустарные, хлопчатобумажные ткани, для выходного – фабричные.

**Хлопчатобумажные ткани**. Из хлопчатобумажных фабричных тканей были распространены различные сорта ситца, бязь, сатин, полосатый тик, различные черные плотные ткани для верхней одежды. Все хлопчатобумажные ткани фабричного производства каракалпаки называли словом *таўар*, прибавляя к нему определение. Черная хлопчатобумажная ткань – *қара таўар*, белая – *ақ таўар* и т.д. Нарядный ситец с изображением миндаля назывался *айдынлы* и являлся излюбленным материалом

Из хлопчатобумажных кустарных тканей местного и хивинского производства употреблялись чаще всего белые- *бөз* и полосатые - *алаша*. Каракалпаки для верхней одежды, как мужской так и женской, применяли излюбленный сорт кустарной пестрой ткани с полосатым рисунком красно-лилового и красно-синего тона. Для придания ткани плотности и блеска она подвергалась тщательному лощению.

Ткацкое кустарное производство было издавна широко развито среди каракалпакского населения. Обрабатывать хлопок и ткать хлопчатобумажные ткани умели все женщины даже в районах, не производящих хлопок. В основном, ткачество имело характер домашнего промысла, сосредоточенного в руках женского населения.

Лощение тканей производилось на особом станке. Техника лощения была недоступна ткачихам, работающим в домашних условиях, так как устройство лощильного станка требовало значительных затрат, поэтому лощение было в руках мужчин. Хозяева лощильных мастерских были и скупщиками кустарных тканей. Они снабжали ткачих пряжей, выдав аванс и скупали всю продукцию по более низкой цене, чем рыночная.

**Шелковые ткани.** Кустарные шелковые ткани *жипек* каракалпаками не производились, их завозили











Жипектен тоқылған гезлемелерден ең кең тарқалғанларынан *пашшайы* – қалың жипек, жасыл-көк реңли нағыслар ямаса жол-жол сызықлар түсирилген шайы гезлемелердиң бир түри. *Түрме* – қалың, тойғын қызыл реңли, нағыссыз, жолақ гезлеме тәризли болған. *Мәдели* – жумсақ қызыл реңли, шетлери енли сары рең менен жийекленген гезлеме. Түрме менен мәдели Хийўадан, ал шайы түриндеги гезлемелер Бухара, Ферғанадан алып келинген.

Булардан басқа *торқа* деп аталған гезлеме түри де болған. Қарақалпақ хаял-қызлары ақ жипек арқаў менен тоқылған, түрли реңлерде жылтырап дөнип туратуғын гезлемелерди усылай атаған. Түрме менен мәдели бас ораў ҳәм белбеўлер ушын пайдаланылған болса, шайы гезлемелер – хаял-қызлар көйлеклери ушын ислетилген. Жипек гезлемелер ер адамлардың кийим-кеншегин таярлаўда дерлик қолланылмаған. Ер адамлар жипек гезлемелерден тек байрам-той мерекелерде белбеў сыпатында пайдаланған.

Фабрикада тоқылған жипек гезлемелер арасында шашақлы орамаллар ҳәм хаял-қызлардың кийим-кеншеклери ушын пайдаланылған реңли жумсақ гезлемелер ушырасады.

Қарақалпақлар арасында қара мақпалдың барлық түрлери оғада кең тарқалған, себеби қара мақпалдан тигилген камзоллар ер адамлардың да, хаял-қызлардың да байрам кийимлериниң ажыралмас бөлеги болған.

**Жүннен тоқылған гезлемелер.** Жүннен тоқылған гезлемелерден тек үстки кийимлер тигилген. Түйе жүнинен қолдан тоқылған, мелле реңли бундай гезлемелер *шал* деп аталып, оннан тек ғана ер адамлардың көшеге кийетуғын шапанлары тигилген. Бундай гезлемелер тийкарынан қазақ ҳәм түркмен өнерментлеринен сатып алынған.

Фабрикада тоқылған жүн гезлемелерден кийим-кеншек ушын ең көп пайдаланылғаны – қара маўыты (ушыға) болып табылады. Қарақалпақ хаял-қызлары кийимлериниң бурынғы үлгилери арасында қара маўыты менен жуқа жүн гезлемелерден тысқары қызыл маўыты (ушыға) да көп ушырасады. Қызыл маўыты, мәселен, жас хаял-қызлардың дәстүрий баскийими есапланатуғын киймешек, сәўкеле тигиўде пайдаланылған.



из Хивы и шелкопроизводящих районов центрального Узбекистана (Бухара, Самарканд, Фергана). Незначительное количество шелков производилось населением южных районов Каракалпакстана.

Популярными сортами кустарных шелков были: *пашшайы* – плотный шелк, сорт абровых тканей с пестрой зелено-голубой орнаментацией или полосатый; *түрме* – темно-красная плотная ткань без рисунка, типа репса; *мәдели* – красная мягкая ткань с широкой желтой каймой. Последние два сорта привозились из Хивы; ткани типа «абр» – из центрального Узбекистана. Существовала шелковая ткань называемая термином *торқа*, каракалпачки называли так цветные гладкие шелка, тканные белым шелковым утком, придающим ткани переливы муара. Хивинские шелка *түрме* и *мәдели* покупались для головных и поясных платков, пестрые шелка «абр» – для платья. Мужчины шелковых тканей для одежды почти не употребляли; шелка в мужской одежде использовались исключительно для поясных платков к праздничному платью.

Из фабричных шелков встречались разнообразные шелковые платки с кистями и гладкие цветные шелка различных сортов для женского платья.

Большой популярностью пользовались среди каракалпаков все сорта черного бархата *мақпал*, т.к. бархатные черные камзолы являлись непременной частью праздничной одежды и мужской, и женской.

**Шерстяные ткани.** Шерсть употреблялась только для верхней одежды. Шерстяные ткани кустарного производства ткались из верблюжьей шерсти. Называлась эта светло-коричневого тона ткань *шал* и употреблялась исключительно на мужские выходные халаты. Производили её туркменки и казашки.

Из шерстяных фабричных тканей для изготовления одежды чаще всего использовалось черное сукно.

В старинных образцах женской одежды кроме черного сукна и легкой шерстяной материи в большом количестве встречается и красное сукно. Из красного сукна шились традиционные головные уборы молодых женщин *киймешек* и *сәўкеле*.










# ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАР КИЙИМИ



Қарақалпақ ҳаял-қызларының кийими, ер адамдыки менен салыстырғанда, рәңбәреңлиги, нағыс-безеўлердиң көплиги менен, қолайлылығы ҳәм көз тартар гөззаллығы менен кескин ажыралып турған. Ҳаял-қызлардың дәстүрий кийим-кеншеги инсан менен уйғынласып, оның ишки дүньясына, характерине, турмыс тәрзине, кәсибине, ой-өрисине сайма-сай болған. Дәстүрий кийим-кеншеклердиң қурамалы комплекси пайдалылықты, гөззаллықты ҳәм руўхый тийкарларды өзинде жәмлеген.

Қарақалпақ ҳаял-қызларының кийими узын, кең ҳәм туўры пишимде тигилген көйleклерден, ыштан (диз кийим), жеңсиз, шапан, жегде ҳәм баскийим, геўиштен ибарат болған.

Күнделикли ҳаял-қызлар кийими кең ҳәм узын көйлектен, тобығына түсетуғын узынлықта, кең етип тигилген ыштаннан ибарат болған. Көйлеклер, әдетте, узынлығы тобықтан төмен түсетуғын, жеңлери де кең ҳәм бармақ ушынан 15-20 см ге узын етип тигилген. Көйлекти тигиў ушын бир пүтин таўардан пайдаланған, ол екиге бүкленип, еки қапталы тигилген, ал ортасынан жаға ушын орын тилип қалдырылған. Көйлектиң еки қапталындағы тигиске жеңниң астына төменге карата кеңейтиў ушын басқа таўардан қыйықша – *ушкул* қойылған.

Жас қызлардың көйлеклериниң жағалары кесесине, ал келиншек-ҳаяллардың көйлеклериниң жағалары тигине қыйып тигилген. Жағаны байлаў ушын мойынға жақын жерден баў, яки *түйме* тағылған. Жергиликли илгек-түймелер ҳәр қыйлы көринисте болған: домалақ, жалпақ, теңгелерден исленген, ойма ҳәм дүңки нағыс түсирилген түрлери болған. Түйме жағаның жоқары тәрепине тигилип, қарсы тәрепинде жипек сабақлардан жиңишке баў исленген, оның ушына металлдан жалпақ, домалақ – ҳәр қыйлы көриниске ийе тағыншақ илдирилген. Баў түймениң әтирапына оратылып, ушындағы айшық баўдың жаздырылып кетпеўин тәмийинлеген. Көйлекти белинен жип тәризинде шыйратылған узын гезлемеден исленген *белбеў* менен байлаған.

Күнделик көйлеклер кесте яки жийеклер менен безелмеген. Тағыншақлар да оншама көп болмаған: жағаның еки тәрепинен төрт мүйешли гүмистен исленген жалпақ *шытақлар* тағылған.

Ҳаяллардың байрам кийимлери көркемликтиң айрықша феномени болып, онда халықтың әзелий өзгешелиги, руўхыяты сәўлеленген. Әсиресе, әййемги кийимлердиң бири, алдына толығы менен шырайлы нағыслар түсирилген *көк*

# ЖЕНСКИЙ КОСТЮМ

Костюм каракалпакской женщины, в отличие от строгой мужской одежды, отличался яркостью и обилием украшений. Весь ансамбль женского костюма отличался спокойствием и сдержанной красотой. Традиционный женский костюм сливался с человеком, идеально соответствуя его душевному складу, характеру, занятиям и жизненному пространству. Сложный комплекс традиционного костюма соединял в себе пользу, красоту и духовное начало.

Одежда каракалпачек состояла из длинного и широкого платья туникообразного покроя, штанов, безрукавки, халата, халатообразной головной накидки, головного убора, калош.

Повседневное женское платье состояло из широкого длинного платья көйлек и длинных, достигающих подъема ноги штанов. Платье, обычно, шилось широким и длинным, покрывающим ноги до подъема, с длинными широкими рукавами. Рукава старинных образцов платья шились всегда длиннее кисти рук на 15-20 см. Для пошива остова платья использовали одно цельное полотнище, перегнутое пополам; для ворота на одной половине делался разрез. В боковые швы платья вставлялись узкие четырехугольные, несколько расширяющиеся книзу клинья, соединяющиеся с рукавом при помощи небольшого треугольного клинышка *ушкул*, который выкраивался из иной материи.

Девичьи платья имели горизонтальный разрез ворота, платья женщин – вертикальный. Ворот у самой шеи завязывался двумя тесемочками или застегивался с помощью пуговиц *түйме*. Пуговицы местного производства түйме были нескольких видов: круглые, плоские, сделанные из монет, или дутые, в виде шариков, украшенные резьбой или штампованным рисунком. Түйме располагался в верхнем краю разреза платья, на противоположной стороне разреза пришивался тоненький шнурок из шерстяной нитки, к концу которого прикреплялось металлическое украшение – пластиночка, шарик или кольцо *айшық*. Шнурок заматывался вокруг түйме, а находящаяся на конце его тяжесть укрепляла узел. На талии платья перехватывали поясом *белбеў* из длинного полотнища материи, скрученного легким жгутом.

Простые домашние платья вышивкой или тесьмой не отделывались; украшения на них были очень незначительны: по обе стороны ворота нашивались маленькие тоненькие серебряные пластинки четырехугольной формы, называемые *шытақ*.







*көйлек* – (*халқалы көйлек, кестели көйлек* деп те аталған) таң қаларлық гөззаллық пенен ҳақыйқый көркем жетикликтиң үлгиси. Көк көйлек қолдан тоқылған көк гезлемеден тигилген. Пишими кең, туўры қыйық, ийни тигиссиз пишилген. Еки қапталына төменинен кишкене қылып қыйық қойылған. Кең ҳәм тик жаға ушын көкирек тусында ортадан қыйық қойылған. Жеңлери кең ҳәм узын. Көйлек алды толығы менен рәңбәрең жипек сабақлар менен кестеленген. Геометриялық нағыслар қыя қатарлар бойлап жайласқан болып, вертикал мүйешлерден орын алған мүйизли ромблардан ибарат. Төменинде сырғаны еслететуғын нағыслар салынған (*сырға нағыс*). Көк көйлектеги нағыслардың улыўма атамасы – *саўыт нағыс* делинеди.

А.Алламуратовтың пикирине қарағанда, көк көйлектеги нағыслардың олай аталыўы «Қырық қыз» дәстанында тәрипленген қаҳарман қызлардың әскерий кийимлериндеги әййемги безениў дәстүрлери усы көк көйлек нағысларында мөрленген болыўы мүмкин. Көк көйлектиң көкирегиндеги ромб тәризли фигуралардан ибарат нағыс қатарлары саўытты еслетеди. Буның үстине, көк көйлекке уқсас кийим жақын ҳәм туўысқан халықларда ушыраспайды. Буннан биз, әййемги массагетлер дәўиринде хаял-қызлардың әскерий ислерге қатнасыўы кем-кемнен тоқтап, шебер тоқымашыларға айланған массагет қызлары әскерий кийимлердиң айырым элементлерин парахат турмыстың байрам либасына енгизген, деген болжамға келиўимиз мүмкин.

Бундай байрам көйлеклердиң жеңлериниң ушына көйлек материалынан *жеңуш* тағылған. Көйлек жеңлери көбинесе кестелер менен безетилген. Әдетте 1-2 қарыс енли етип қыйылған қыйынды кестеленгеннен кейин еки шети бириктирип тигилген. Сөйтип көйлектиң жеңиниң сыртынан кийилип, енли манжетти еслеткен.

Ҳаяллардың ыштанлары ерлердиң ыштанларындай пишилген, бирақ балақларына жиңишке жийеклер тигилген. Балақлары жоқарыдан төменге қарай жиңишкерип барған. Еки балақтың ортасына бөлек қыйық – *аў* тигилген. Белине пахта ҳәм жүн сабақлардан есип исленген ышқыр байланған. Ҳаяллардың ыштанлары тегис ҳәм жолақ гезлемелерден (шыт, қолдан тоқылған бөз ҳ.т.б.) тигилген. Балақлардың ушы жийекленген ямаса жиңишке жийек нағыс тоқылған.

Көйлектиң сыртынан *бешпент* (*камзол*) кийилген. Камзоллар еки түрли болған: жеңли ҳәм жеңсиз (жыл мәўсимине қарап). Суўық күнлери жеңсиз камзолдың үстинен қалың, жеңи узын камзол ямаса сырылған гүпи кийген. Бундай камзоллар пальто ўазыйпасын атқарған. Камзолды тигиў ушын фабрикада пахтадан тоқылған қара реңли қалың гезлемелер пайдаланылған.

Байрам камзоллары ҳәр қыйлы түстеги тойғын реңли мақпалдан тигилген. Қарақалпақ хаяллары көбинесе қара, қара-көкшил ҳәм қызғылт-көк реңдеги мақпал камзолларды хош көрген. Камзол ушын қалың жипектен тоқылған, «пашшайы» деп аталған жолақ гезлеме де ислетилген. Пашшайы камзоллардың ишинен, әдетте, пашшайы көйлек-ыштан, ал гүңгирт реңли камзоллар ишинен кәлеген көйлекти кийген. Камзол ҳәр қашан да бели тарылтып тигилген,

Праздничный женский костюм, в котором выражались исконные черты народа, его душа, представлял собой некий художественный феномен.

Удивительной красотой и совершенством обладает старинное платье *көк көйлек* (*халқалы көйлек, кестели көйлек*) со сплошной богатой орнаментацией на груди. Шился көк көйлек из синей домотканой материи. Покрой свободный, прямой, без швов в плечах. Боковины с небольшими разрезами внизу. Воротник высокий, стоячий; на груди вертикальный разрез для ворот. Рукава широкие и длинные с ластовицами. Перед платья почти сплошь вышит разноцветными шелковыми нитками. Узор геометрический, расположен косыми рядами и составлен из ромбов с роговидными отростками на вертикальных углах. Ниже расположены «свешивающиеся» стилизованные изображения, которые носят название *сырға нағыс* и напоминают серьги. Орнаментация көк көйлека носит общее название *саўыт нағыс* – узор кольчуги.

А.Алламуратов считает, что название орнаментации синего платья наводит на мысль о том, что в украшении көк көйлека нашли отклик традиции древнего наряда воительниц, воспетых в каракалпакском народном эпосе «Кырк кыз». Ряды орнаментальных полос из ромбовидных фигур на груди отдаленно напоминают панцирь, кольчугу. К тому же көк көйлек не имеет аналогии у других родственных народов. Это дает возможность предполагать, что с постепенным прекращением участия женщин в военных делах, девушки массагетов, ставясь искусными вышивальщицами, перенесли некоторые черты воинского одеяния в мирный праздничный наряд.

В конце рукавов таких праздничных платьев пришивали манжеты *жеңуш* из того же материала, что и платье. Рукава платья часто украшались вышивкой. Вышивка выполнялась на отдельных полосках материи темного цвета и приметывалась к краю рукавов с левой стороны. Когда спускающийся с кисти рукав отворачивался, вышивка ложилась над кистью, как широкий манжет.

Женские штаны шились того же покроя, что и мужские, но с узкими манжетами. Штанины были прямые, сужавшиеся книзу. В шаг вставляли узкий клин *аў*. В пояс продергивали нагашник – *ышқыр*, который сплетали из хлопчатобумажных или шерстяных ниток. На изготовление женских штанов использовались различные гладкие и полосатые ткани – ситец, кустарная ткань или тик. Манжеты, охватывающие ногу у щиколотки, украшались по краю тесьмой *жиек* или узкой вышитой полоской.



Поверх платья носили *камзол*. Камзолы бывали с рукавами и без рукавов – камзолша или *жеңсиз*, на легкой подкладке или стеганые – в зависимости от времени года. В холодное время года женщины поверх легкого камзола без рукавов надевали утепленный камзол – с рукавами, иногда простеганные тоненьким стежком – *гүпи*. Такие камзолы











жаўырыны енсиз, ортасына тигис түсирилген, қапталларына қыйық қосып тигилген. Жиңишке жеңлери қолдан узын болмаған. Камзоллардың жағасы ҳәм түйме-илгеклери болмаған. Тек белинде бир жеринен қарсы илгек тағылған. Дүзге шығарда ҳаяллар камзоллардың белинен шашақлы жипек орамал менен байлаған, бул да камзолдың безениў элементлерин толықтырған.



Байрам камзолларының үстинен де көйлектегидей жеңуш кийилип, ол *жеңсе* деп аталған. Жеңсениң узынлығы әдетте шығанақтан басланған болып, камзолдың жеңиниң ушына шекем жеткен. Жеңсени трапеция формасындағы гезлеме қыйығында, астар салып, реңли сабақ пенен жийеклеп, кестелеп тиккен. Жийек салынған жеринен бириктирип тигилген болып, керек болса камзолдың жеңине билинбестей етип сабақ пенен тигип, илинген. Әдетте кесте түсирилетуғын гезлеме қызыл ҳәм қара реңли маўыты ямаса гүңгирт реңли қолдан тоқылған гезлемениң бир неше қыйықларынан ибарат болған.

Ҳаўаның суўық күнлеринде ҳаял-қызларымыз сырылған *шапан* кийип, белинен белбеў байлаған. Ҳаяллар шапанлары ерлердикине салыстырғанда жағаларының пишими менен ажыралып турған.

Ҳаял-қызлардың шапанлары ҳәр қыйлы пишим ҳәм формаға ийе болған. Қалалы ҳаяллар тарлаў шапанларды хош көрип, тигиў машиналарында етеклери менен қайырма жағаларын жийеклеп тоқыған. Имканияты барлар иши ийленген қымбат баҳалы хайўан (аң) териси менен исленген *ишик шапан* кийген.

Ҳаяллардың дүзге шыққанда кийген кийимлериниң бири – бул *жегде*, шапан түриндеги бас кийим есапланады. Оның жеңлери бар болса да, олар жең функциясын атқармаған, себеби жегдени бас кийимниң үстинен жамылып, ол ҳаяллардың жаўырынын ҳәм ийнин дизесине шекем жаўып турған. Ҳаяллар жүргенде жегдениң еки тәрепин услап, көкирек алдын да жаўып жүрген. Ал, жегдениң жеңлери безетилип, арқасына таслап қойылған. Қарақалпақ жегдеси өзбек ҳаялларының пәренжесинен келтелиги ҳәм реңи жағынан ажыралып турады. Жегдени сызықлы, мөрелеген қызыл-қызғылт-көк реңдеги алашадан ямаса ақ саржа менен коленкордан тиккен. Жегдениң еки түри болған: қызлар менен жас келиншеклер жипектен тигилген *қызыл жегде* жамылған, ал кексе ҳаяллар *ақ жегде* жамылған. Қызыл жегдениң жағасы реңли жипек сабақлар менен кестеленген, шашақлар менен безетилген.

Ақ жегде болса ҳаялдың жасына қарай кестеленген. Соңлықтан оны кестели жегде деп те атаған. Ақ жегде пахта гезлемеден тигилип, жипек реңли сабақлар менен, тийкарынан геометириялық нағыслар түсирилип кестеленген. Жас минген сайын ҳаялдың жегдесиндеги нағыслар да әпиўайыласып, сийрексип барған. Алымлардың пикиринше, ақ жегде қарақалпақ ҳаялларының ең ески миллий кийими болып табылады.

Жыллы күнлери ҳаяллар жегдениң алдын ашып жүрген, жеңлерин арқасына таслап, кишкене баўлары менен бир-бирине байлап қойған. Ал, суўық күнлери

заменяли собою пальто. Шили камзолы из хлопчатобумажной фабричной материи черного цвета. Праздничные камзолы шились из темного бархата различных оттенков. Каракалпачки предпочитали бархатные камзолы черного, темно-синего и лилового цвета. Употребляли для камзолов и плотный, полосатый шелк, называемый *пашшайы*. Шелковые камзолы из пашшайы предпочитали носить с платьями и шароварами из такой же ткани, темные камзолы – с любым платьем. Покрой камзола был всегда в талию, спинка узкая, со швом посредине, в бока вставлялись клинья. Узкий рукав делался не длиннее кисти руки. Камзол не имел воротника и застежек, представляя собой распашную одежду. Только на талии камзола делалась металлическая пряжка. Выходя из дома, женщины поверх камзола повязывались поясом из шелковых платков с кистями, который к тому же являлся украшением, дополняя камзол.

На праздничные камзолы надевались вышитые нарядные нарукавники *жеңсе*, которые приметывались к рукавам камзола, закрывая рукав от кисти до локтя. Жеңсе представляли собой вышитые полосы правильной трапециевидной формы, положенные на подкладку и обшитые цветным жийеком. Они складывались по продольной стороне и сшивались по жийеку, образуя узкие нарукавники, которые в случае надобности приметывались легкими стежками к рукавам камзола. Обычно ткань, на которой производилась вышивка, составлялась из нескольких полосок разной материи – красного и черного сукна или кустарной материи темного оттенка. Наиболее популярным материалом для жеңсе было сукно.

В холодное время года женщины носили стеганые халаты – *шапан*, подпоясывающиеся поясом, слегка отличающиеся от мужских халатов покроем ворота. Покрой и отделка женских шапанов были довольно разнообразны. Городские жительницы предпочитали шапаны более узкими и отделывали подол и борта круговой узкой каймой на обычной швейной машине. Более состоятельные женщины могли позволить себе отделанные изнутри мехом-пушниной теплые шапаны – *ишик*.

Выходной женской одеждой являлись накидка *жегде* с ложными рукавами. Жегде набрасывалась на голову, поверх головного убора, и спускалась до колен, закрывая спину и плечи. Соединив рукой под подбородком края жегде, женщины закрывали также и грудь. Рукава жегде – декоративного назначения: они делались в виде длинных, сужающихся книзу полос, свободно висящих по спине. От паранджи узбечек жегде отличались меньшей длиной и цветом. Применяемые для них материи – полосатая лощеная материя *алаша* красно-лилового цвета или белая саржа и коленкор. Жегде имели возрастные отличия: девушки и молодые женщины носили *жипек жегде* – шелковые жегде, обычно красного цвета, воротник которых был украшен вышивкой и шелковыми кистями.



Бытовали и белые жегде – для пожилых женщин. Их называли кестели жегде или ак жегде – они были покрыты вышивкой,






















жеңлерин алға таслап, ийегиниң астынан айқастырып, желкесинен байлап қойған.

Қарақалпақ ҳаялларының өзгеше кийимлеринен *киймешек* саналады, себеби киймешекти турмысқа шыққан күннен баслап келиншеклер бир өмир кийеди. Киймешектиң де еки түри болған: *қызыл киймешек* жас келиншеклер ушын арналған болса, *ақ киймешек*ти жасы минген аналарымыз кийген. Киймешек тийкарынан ҳаялдың үстин жаўып турғаны менен басына кийген ҳәм соныктан бас кийим саналады. Киймешек еки бөлимнен ибарат: *киймешек алды* ҳәм *қуйрықша* (арты).

Қуйрықшаның негизин формасы жағынан ромб, гейде квадрат түринде қыйылған пашшайы гезлеме қурайды. Қуйрықшаның шетлеринен илме тигис пенен геометриялық нағыслардан кесте түсирилген қызыл ҳәм қара маўытыдан жолақлар түскен. Жолақлардың қосылған жеринен сәл жоқарырақтан еки қапталдан ийирилген қызыл ҳәм жасыл жипек сабақлардан қатар шашақ қойылған. Киймешектиң артқы тәрепи образлы түрде айтқанда қустың қуйрығын еслетеди. Сонлықтан да оны қуйрықша деп атаған.

Киймешек алды трапеция формасында пишилген қызыл маўытыдан (ушыға), көкирегине түсерликтей етип, адамның бети ушын сүйир сопақ тәризли орын қалдырылып, пишилген. Трапецияның ортасы менен узынына горизонтал қара ушығадан *орта қара* деп аталыўшы тилим тигилген. Булардың бәри де геометриялық нағыслар менен тығыз кестеленген. Киймешек алдының шетлери де, жүзиниң айналасы да кестелеп тоқылған.

Ақ киймешектиң пишими де қызыл киймешек сыяқлы болған, бирақ ақ реңли, тийкарынан қолда тоқылған гезлемеден тигилген. Ақ киймешек те нағысларға бай етип кестеленген, бирақ кесте техникасы атанақ (шырыс нағыс) жолы менен тоқылған. Қызыл киймешектен және бир парқы, ондағы нағыслар горизонтал емес, ал вертикал тәризде түсирилген.

Киймешектиң хызмети қурамалырақ, биринширден, ол ҳаяллардың үстки кийими болса, екиншиден, турмысқа шыққан ҳаялдың шашын жасырып туратуғын бас кийим хызметин атқарған.

Қарақалпақ ҳаял-қызлары кийимлерин толықтыратуғын ҳәм эстетикалық шырай бағышлайтуғын түри – зийнетли бас кийим *сәўкеле* болып табылады. Бул бас кийим басқа да қоңсылас халықларда ушырасады (Хорезм өзбеклеринде *шокила*, қазақларда *сәукеле*). Қарақалпақ сәўкелеси жумсақ кийизден тигилген, қызыл маўыты менен қапланып, ҳәр түрли нағыслар менен безетилген қулақлы бас кийимди еслетеди.

Сабаққа дүзилген маржан таслардың арасында ушында қас орнатылған темир бөршиклер, басқа да деталлар (еки шекесинде *қыран*лар, маңлайында *жыға* ҳ.т.б.)ислетилген. Маржан моншақлар қатарлары сәўкелениң қулақларын толығы менен жаўып турған. Артқы тәрепинде мойынды жаўып турыўшы «қанатша»лары болып, оның астынан белден төмен, гейде дизеге шекем түсип туратуғын узын жолақ – *ҳалақа* болған. Ҳалақаның өзи де толығы менен кестеленген, оның төменги ушы бирнеше тиликке қыйылған.

выполненной по белой хлопчатобумажной ткани шелковыми нитками с преобладанием геометрических узоров. *Ак жегде* имеет туникообразный покрой с раскошенными боковинами и является наиболее старинным видом каракалпакской женской одежды.

В теплую погоду женщины носили жегде нараспашку, а рукава сзади скрепляли специальными завязками. В холодное время эти условные рукава использовали вместо отсутствующих застежек: перекинув рукава вперед, переплетали их накрест под подбородком и завязывали сзади на шее узлом.

Кроме широко бытующей жегде в женском старинном костюме имеется другой вид верхней одежды, представляющей собой типичную одежду замужних женщин XIX-начала XX вв. – *киймешек* с вышитой передней частью. Киймешек надевался лишь после свадьбы, подчеркивая красоту и зрелость молодой женщины. Интересен этот элемент каракалпакского костюма не только своей бытовой и ритуальной характеристикой, но и тем, что несет в себе признаки этнических и культурных корней. У каракалпаков было два вида киймешеков: *қызыл киймешек* – для молодых женщин и *ақ киймешек* – для женщин в возрасте.

Қызыл киймешек состоит из двух частей: лицевая (*кимешек алды*) и наспинная (*қуйрықша* – хвост) – большой квадратный кусок шелковой или полушелковой ткани, положенный одним углом на голову. По краям расположена отделка: полоса из красного и черного сукна, расшитая цветным шелком геометрическим орнаментом. Заканчивается эта полоса по двум нижним краям бахромой из бордового и зеленого крученого шелка. Лицевая часть киймешека, представляет собой трапецию из красного сукна (*ушыға*), доходящую до уровня груди, с вырезом для лица. Эта часть киймешек тоже богато украшалась вышивкой. В нагрудной части посередине трапеции имеется горизонтальная полоса из черного сукна *орта қара* с ответвлениями вдоль его боковых сторон, сплошь покрытая вышивкой с геометрическим орнаментом. Вышивка пролегала по всем краям и вокруг лицевого выреза.

Ақ киймешек имел такой же покрой, что и қызыл киймешек, но шился из белой ткани, первоначально домотканой. Он также украшался вышивкой цветным шелком, но не тамбурным швом, а крестом. Расположение вышивки на нем было не горизонтальное, а вертикальное, но не менее обильное, чем на қызыл киймешеке.

Функции киймешек были сложные, он являлся, с одной стороны, верхней одеждой, с другой – головным убором, призванным скрывать волосы замужней женщины.

Смысловым и эстетическим центром женского костюма был нарядный головной убор *саўкеле* с разнообразной орнаментацией. Каракалпакский саўкеле представляет собой мягкую круглую шапочку-ушанку из











Ең әййемги хәм дыққатқа ылайық қарақалпақ хаял-қызларының бас кийимлеринен және бири – *төбелик* болып, оны қарақалпақ зергерлериниң қандай жоқары шеберликке ийе болғанының айқын көриниси деўге болады. Төбелик, әдетте, жуқа гүмис, металл пластинадан тегис дөңгелек бас кийим түринде исленген болып, сәўкелениң үстинен кийилген. Төбелик маржан, феруза х.т.б. хасыл таслар менен безетилген. Алдыңғы тәрепи бир-бирине кепсерленген еки пластинадан ибарат. Артқы жағы бир узын пластинадан қуралған болып, жапырақ тәризли нағыслар менен безетилген. Артқы пластинаның төменги бөлимине шынжырлар менен бириктирилген, аралығында қызыл маржанлар дизилген үш қатар жапырақ тәризли пластиналар илинген. Төбеси дөңгелек формада, үсти ушына хәртүрли феруза хәм маржан таслар бириктирилген металл бөршиклер менен безелген.

Д.Гладышев пенен И.Муравин (XIX әсир) турмысқа шыққан қарақалпақ хаялларының төбеликке қусаған күнделикли бас кийимин тәрийплеп, оны *қасава* деп атаған: «Бул касавалар гүмис жалатылған мыстан, ал айырымлары гүмистен исленген; үстинде бүртикшелери болып, олардың ушына таслар, көбинше маржан таслар тағылған».

Бурын қарақалпақларда бүгинги түсиниктеги орамаллар болмаған. *Орамал* сөзиниң этимологиясына итибар қаратылса, оның хақыйқый мәнисин аңлап жетиў қыйын емес. Турмысқа шыққаннан кейин қарақалпақ хаяллары күнделикли турмыста да, дүзге шыққанда да басына *бас ораў* орап жүрген (*орамал – ораў* сөзинен). Бас ораў ушын жуқа, узын (бирнеше метрден ибарат) гезлемени тақыяның үстинен ени 15-25 см шамасында қатлап, желке тәрепине таслап (*халақа*), екинши ушын басының оң тәрепине көбирек жыйнап ораған. Келте етип қалдырылған екинши ушын бас ораў қабатларының арасына тығып, шашағын шығарып қойған.

Туўыў жасындағы келиншеклер қызыл реңли гезлеме менен басын ораған. Тийкарынан фабрикада тоқылған, бадам нағыс түскен айдынлы шыттан хаяллар бас ораған, бул халық арасында *айдынлы орамал* деп те аталған. Буннан тысқары қызыл реңли *түрме* хәм *мәдели* орамаллары да пайдаланылған.



XIX әсирдиң екинши ярымында Россия менен саўда-сатықтың күшейиўи менен, Европа мәдениятының тәсири көзге түсе баслайды. Хаял кийим-кеншеклеринде фабрика гезлемелери пайдаланыла баслайды, кийиниў мәдениятында да өзгерислер жүз берди. Бас ораўдың үстинен енди бурынғыдай жегде жамылып ғана коймастан, дүзге шыққан апаларымыз *шаршы* ямаса *шалғыш* пенен байлап, оранып жүретуғын болды. Гейде шалғыштың орнына үлкен үш мүйешли орамал – *қыйықша* ямаса жуқа жүн *орайпек* ораған.

Орамаллар түрлери көп болған хәм хәр бири өз атамасына ийе болған. Қарақалпақ хаялларының арасында войлока, покрытую красным сукном и разнообразно украшенную кораллами и др. камнями. Ряды коралловых бус сплошь закрывали отдельные участки убора. Сзади головной убор имел спускающуюся на шею лопасть, из под которой ниспадала ниже талии, а иногда до колен узкая вышитая полоса ткани халака. Наушники украшены кораллами, нанизанными на шелковые нити, вшитые густыми рядами на две узкие фигурные полоски из красного сукна, расположенные параллельно друг-другу (одна – по краю наушников, вторая – чуть отступая от него). Между кораллами нашиты разнообразной формы небольшие металлические бляшки, украшенные кораллом и др. камнями (по бокам *кыраны*, на лобной части *жыга* и др).

Весьма интересен еще один древнейший головной убор женщин – *төбелик*, который представляет собой наглядный образец высокого мастерства каракалпакских ювелиров. *Төбелик* – изготовлялся обычно из тонкого листового серебра и имел форму круглой плоской шапки, и надевался поверх саукеле. Тобелик богато украшался бирюзой, кораллами и другими самоцветами. Передняя часть состояла из двух спаянных между собой пластин, задняя из одной пластины, украшенной лепесткообразным орнаментом. К нижней части задней пластины прикреплена цепочка в три яруса с глазками из кораллов. Макушка круглой формы, на поверхности которой имеются выступы в виде шипов, украшенных вставками бирюзы и кораллов.

Д.Гладышев и И.Муравин (XIX в.), описывая головной убор, похожий на төбелик, называют его «касава» и, считают его обычным повседневным головным убором замужних женщин. «Касавые их сделаны из меди, луженые серебром, а иные имеют серебряные; и наверху их сделаны шишечки небольшие, и в оных шишечках вставлены камешки простые, больше марьян».

Раньше у каракалпачек платков не было. Это можно понять по этимологии слова *орамал*. Повседневным головным убором невест и замужних женщин был традиционный тюрбан из платков или из длинного полотнища материи, накручиваемый на мягкую простую тюбетейку – такыя. Укладывался тюрбан следующим образом: длинное (не менее 5-ти фабричных платков) полотнище материи свертывали в виде широкой (15-25 см.) ленты; начинали скручивать тюрбан сзади, оставив от затылка спускающийся конец – *халақа*, второй конец складывался рядами вокруг головы, спрятав его кончик в складках тюрбана.

Молодые женщины носили тюрбаны из красной материи (напр. *айдынлы*). Кроме айдынлы употребляли два вида красных шелковых платков кустарной работы: *түрме и мәдели*.

С усилением торговых связей с Россией замечается влияние европейской культуры, в том числе на одежду каракалпачек. Теперь, в зимнее время, выходя из дома, женщины поверх тюрбана повязывали голову большим платком *шалғыш* или *шаршы*. Концы шалғыша переплетались под подбородком и завязывались сзади узлом. Иногда вместо шалғыша надевали большой треугольный платок *қыйықша* или тонкую шерстяную шаль.
















ири гүллер менен безетилип, фабрикада таярланған жипек орамаллар, орайпеклер жүдә кең тарқалған. Халық арасында ойын-дәлкек тәризинде «орамасам-өлгеймен» деген орамал атамасының өзи буны дәлиллейди. Усындай нағыслы, лекин пахта яки жүннен тоқылғанлары *орамал* ямаса *пота*, майда гүллер түсирилген жипектен тоқылғанлары – *ақ қас*, хәртүрли реңдеги майда гүлли орамаллар *жипек-машата*, қызыл реңде жуқа етип пахтадан тоқылғанлары *жупқа*, реңли пахта гезлемесиниң қыйығынан исленгенлери – *матыры* деп аталған. Жасы үлкен апаларымыз тартқан қара шатыраш түсирилген ақ орамаллар *ағатпа* деп аталған.

Турмысқа шықпаған жас қызлардың да, келиншек-жасы үлкен апаларымыздың да бас кийимлериниң және бир түри – бул *тақыя*лар болған. Олар жасына қарап хәр түрли болған. Тақыяның безелиўине қарап атлары да хәр түрли болған: *маржан-тақыя*, *түбелек* ямаса *купели тақыя* (төбесинде ушы бар), *төзеў тақыя* (хәрқыйлы зергерлик безеўлер менен тигилген).

Жас қызлар *пөпекли тақыя* кийген. Турмысқа шықпаған қызлардың тақыясының пөпеги шеп тәрепте қойылған хәм еки шекесинде тулымшақлары болған. Турмысқа шыққан жас келиншеклер де гейде пөпекли тақыя кийген. Олардың пөпеклери оң жағында турған.

Хәрқыйлы теңгелер, маржан таслар менен безелген тақыяларды тек 14-15 жасқа дейинги қызлар кийген. Тақыяның маңлай алды ернегине қатарластырып гүмис теңгелер тигилген, шекесине жипек сабақлардан, ушына майда моншақ дизилген, ямаса майдалап қыйылған, кестелеп тоқылған ямаса майда теңгелер илип тигилген қыйықлардан пөпеклер орнатылған. Кишкене қызлар тақыяның өзин кийип жүрген, ал ер жете келе тақыяларының үстинен орайпек таслап, тақыясының маңлай тәрепин ашық қойған. Айқастырып оралған орайпектиң еки ушы желке тәрепине байлап қойылған.

Хаяллар аяқ кийиминиң ер адамлардыкинен дерлик парқы болмаған. Хаяллар да жалаң аяғына жазда *геўиш*, қыста *мәси* ямаса етиктиң үстине геўиш кийген. Хаяллардың өзгеше аяқ кийимлеринен бийик өкшели геўиш болған. Олар темир сымлар, шегелер менен нағысланып, безетилген хәм *зерли геўиш* деп аталған.

Қалалы хаял-қызлар бийик өкшели етик кийген. XIX әсирдиң ақыры – XX әсирдиң басларына келип хаяллар етиклери қызыл териден тигилген, алқымы менен өкшесине кестеленген ямаса жасыл териден нағыслар жабыстырылған. Аяқ кийимлердиң ең әййемги түрлери – ушы жиңишкеленип, жоқарыға қайрылып туратуғын етиклер болған. XX әсир басларына келип, қарақалпақларда фабрикада ислеп шығылған хәр түрли аяқ кийимлер кең тарала баслайды. Олардан *шулық* (чулки), формасы геўишке усаған өкшесиз туфлилер менен өкшели, лакленген етиклер кеңирек тарқалған.

Виды платков были разнообразны. Каждый вид имел особое название. Очень распространены были среди каракалпачек большие фабричные шелковые платки с крупными цветами, самое название которых *орамасам – өлгеймен* (букв. умру, если не повяжу), показывает степень их популярности. Платки хлопчатобумажные или шерстяные назывались просто *орамал* или *пота*; того же типа шелковые платки, но с мелкими цветами, в зависимости от преобладающей расцветки деталей, назывались *ақ қас*; шелковые платки с мелкими пестрыми рисунками – *жипек машата*; хлопчатобумажные легкие красного цвета *жупқа*; сделанные из куска цветной хлопчатобумажной ткани – *матыры* и др. Белые платки в черную мелкую клеточку назывались *ағатпа*, носили их пожилые женщины.

Головной убор *тақыя* издавна входил в состав традиционного женского костюма. Если в костюме девушек – невест и женщин – тюбетейка играла только подсобную роль, являясь составной частью тюрбана, то в костюме девочек и девушек-подростков такыя имела самостоятельное значение. *Попекли тақыя* девушки носили с помпоном налево, а замужние молодые женщины (если носили) – с помпоном направо. В зависимости от украшений *тақыи* имели разные названия: *маржан-тақыя* – украшенная кораллами; *түбелек* или *купели-тақыя* – со столбиком на макушке; *төзеў тақыя* – с ювелирными украшениями.

*Тақыи*, украшенные монетами и кораллами, носили лишь девочки- подростки до 14-15 лет. Отделывались такыи девушек очень скромно: по краю передней части ободка нашивался ряд серебряных монет; по бокам шапочки прикрепляли длинные тонкие кисти из шелковых шнурков с нанизанными на них бисером или узкие полоски из шелковой материи, покрытые вышивкой, с нашитыми на них бусинками и монетами. Девочки носили такыи без головных платков, а девушки поверх такыи повязывали голову маленькими платочками орайпек, оставляя открытой нарядную переднюю часть такыи; концы сложенного накрест платочка завязывались на затылке узлом.

Женская обувь мало отличалась от мужской. Летом женщины носили на босую ногу легкие кожаные галоши *геўиш*, а в холодное время – онучи и сапоги с галошами. В некоторых районах встречались на женщинах и мягкие сапожки *мәси*. Существовала обувь, напоминающая туфли, на невысоком каблуке, украшенная узорной проволокой, называвшиеся *зерли геўиш*.

Городские жительницы носили сапожки на высоких каблуках. В конце XIX – нач. XX в. сапожки на каблуках изготовлялись из красной кожи, подъём и пятка украшались вышивкой или узорными вставками из зеленой кожи. Наиболее старинным видом обуви считались красные сапожки с загнутыми вверх носами. В последующие десятилетия широко вошла в быт чулки, фабричная обувь и лаковые сапожки на каблуках.










# ЕРЛЕР КИЙИМИ

Қарақалпақ ер адамлары кийим-кеншегиниң қоңсылас туркмен ҳәм Хорезм өзбеклериниң кийимлеринен парқы аз болған. Деген менен, кийимниң реңинде, кийиниў мәдениятында бир қанша өзгешеликлер болған. Ер адамлардың кийими әшекейсиз, жалтырақларсыз, бир тегис реңде болғанлығы менен ажыралып турған. Ер адамлардың дәстүрий кийим-кеншеклери тақыя, қураш (шөгирме, дегелей, бөрик), көйлек, шапан, камзол, ыштанларден ибарат болған. Аяғына жергиликли усталар тәрепинен исленген етик, мәси ҳәм ғеўиш кийген.

Ерлер көйлеги ақ пахта гезлемесинен, төрт мүйеш формасында, дизеден карыс жоқары узынлықта етип тигилген. Әдетте узынына келген гезлемени ортасынан қайырып, ортадан горизонтал жаға қалдырып, еки капталынан тигис түсирилген көйлек тиккен. Жағаның оң ийин үстинде келте етип сабақлардан ийирилген баў қалдырып, байлаған. Көйлектиң капталынан, тигислердиң төменги жағынан кишкене етип ашық қалдырған. Жаға менен кесиклери (разрез) жиңишке етип жийекленген. Сондай-ақ тик жаға көйлеклер де ушырасқан. Бундай көйлеклердиң жағалары илгек-сәдеп пенен илинген.

Ер адамлардың *ыштан*лары (*шалбар*) әдетте кең етип тигилген. Еки балақтың бириккен жеринде төрт мүйеш етип *аў* қосылып тигилген. Балақларының узынлығы тобықтан сәл жоқары болып, жийеклер қойылған. Шалбардың жоқары тәрепи қайырылып, арасына ышқыр кийгизилген.

Шалбарлар пахта ҳәм жүн гезлемелерден тигилген. Қатты суўық күнлери кийилетуғын, қалың пахта яки жүн гезлемелерден астар қойылған шалбар *сым* деп аталған.



Көйлектиң үстине камзол – *бешпент* кийилген. Бешпенттиң еки түри болған: жеңсиз ҳәм жеңли бешпентлер. Бешпентлер пахтадан ямаса жүннен тоқылған қара реңли гезлемеден астар салынып тигилген. Бешпентлер денеге шақ етип тигилген, ийинлеринде тигислер болған. Жеңли бешпентлердиң жеңлери узын болып, қол ушына қарай тарайып келген. Бешпентлер алды ашық, жүриўге қолайлы етип тигилген, жағалары ашық, төменги тәрепинде илгек илдириў ушын жырық қалдырылған. Еки капталдың бел тәрепинде ишки қалталары тигилген. Қара мақпалдан тигилген бундай бешпентлер әсиресе жигитлер ушын байрам кийими есапланған.

# МУЖСКОЙ КОСТЮМ

Традиционный каракалпакский мужской костюм мало отличался от одежды соседних туркмен и хорезмских узбеков. Но все же некоторые особенности имел, а именно, в цвете, манере ношения. Общий вид каракалпакской мужской одежды был строг. Мужчины не носили яркой цветной одежды. Комплекс традиционной мужской одежды включал в себя тюбетейку, шапку (кураш, шөгирме, дегелей, бөрик) рубаху, штаны, камзол, халат, и сапоги с калошами местного производства.

Традиционную мужскую рубаху *көйлек* шили длиной до середины бедра. Спина и грудь из прямоугольного полотнища, перекинутого через плечи. Разрез ворота делался горизонтальный с застежкой, в виде тоненьких завязок, на правом плече. Ворот и разрез рубахи отделывались цветной узенькой плетеной тесьмой. Рубаха с горизонтальным разрезом ворота считались традиционной, однако, встречались рубахи с вертикальным разрезом, застегивающимся на пуговицы.

Мужские шаровары *ыштан* шили обычно широкими. Между двух штанин вставлялся большой квадрат с пристроченными к двум сторонам его небольшими клиньями *аў*. Манжеты штанин спускались свободно, чуть выше щиколотки. Верхний край шаровар отгибался на лицевую сторону и подшивался широким рубцом, в который вставлялся шнурок ышқыр. Шились шаровары из хлопчатобумажных и шерстяных тканей. В холодное время года носили шаровары *сым* с подкладкой и без подкладки из толстой хлопчатобумажной или шерстяной материи.

Верхней одеждой мужчин являлся камзол – *бешпент*. Камзолы существовали двух видов – с рукавами или без них. Шились камзолы из черной материи хлопчатобумажной или шерстяной, обязательно на подкладке – *астар*. Покрой камзолов был облегающим, на плечах имелись швы. Рукав обычно был длинным, сужающимся книзу, с выкройной проймой. Камзолы шились распашными, с отворотами и прорезными петлями для застежки. На боках у пояса прорезались внутренние карманы. Такие камзолы из черного бархата являлись праздничной одеждой молодых мужчин.

Кроме камзола, обязательной одеждой при выходе из дома были также распашные халаты *шапан*. Покрой шапана туникообразный. Кроился шапан, в основном, из целого полотнища, складывая поперек, образуя перед и спинку. Так











Бешпент пенен бирге дүзге шыққанда кийилетуғын кийим – шапан болған. Шапанды бир пүтин гезлемеден, ортасынан еки бүгип, алдыңғы жағын кесип, еки қапталын тигис салып, тиккен. Сонлықтан арқасынан да, ийининен де тигис түспеген. Ийин тусынан жең ушын арнаўлы орын қалдырмастан, геўдеге перпендикуляр туўры етип жең тигилген. Қарақалпақ шапанларының жеңи кең, туўры ҳәм келте (бармақларын жаўмайтуғындай) болған. Қолтығынан жеңди шапан менен бириктирип турыўшы үш мүйешли қыйықша (*үшкил*) тигилген. Қарақалпақ шапанлары жумсалатуғын мөреленген гезлемениң реңи, сондай-ақ, жиңишке жолақлар бойлап майдалап сырыў техникасы менен өзгешеленип турған. Қойыў-қызғылт ҳәм қоңыр-қызыл реңлердеги, жиңишке жолақлы гезлемелер жүдә кең ислетилген. Шапанның шетлери жиңишке жийек пенен тигилген. Ер адамлардың кийиминде нағыслы кесте болмаған. Кестешилик өнери тек ҳаял қызлар кийимине тән болған. Байрам ҳәм дүзге мөре шапан кийген.



Шапан тигиў ушын пахта ҳәм сийрек жипек гезлемелер пайдаланылған. Шапанлардың еки түри болған: сырылған ҳәм сырылмаған. Орта ҳәм кексе жастағы еркеклер ушын шапанлар пахта гезлемеден тигилген. Жас жигитлер болса ярым жипек гезлемелерден тигилген шапанларды да хош көрген. Буннан тысқары, жас жигитлердиң шапанлары да ашық түрдеги – қызыл, жасыл, қоңыр-қызыл реңдеги жолақлы гезлемелерден тигилген. Әдетте, шапанлардың қалталары ҳәм илгеклери болмаған. Шапанлардың сырылған жағасы (*жийек жаға*) көкирек тусына шекем келип, еки бармақ ени шамасында шығып турған, дөгереклеп әдипленген.



Көйлеклер ҳәм шапанлар деталларсыз, туўра пишилген. Бундай пишим пайдаланылған гезлемелердиң ени менен инсан денесиниң өлшемлерине байланыслы болып, бул өз гезегинде жергиликли ықлым ҳәм турмыс шараятларына сәйкес келген.

Ер адамлардың қысқы кийимлеринен бири – *тон* (*постын*) болған. Оны сырылған пахталы шапанның сыртынан кийген. Тонды қойдың терисинен қалың жүнин ишине қаратып тиккен. Терисиниң сыртқы тегис тәрепи бийдай-сары рең менен боялып, шетлери жиңишке қызыл таўар менен жийекленген. Шапан сыяқлы, тон да алдынан шеп қапталының астына оң қапталы түсирилип, жабылған. Арқа тәрепинде жаўырынның тусында жийектиң материалынан ушы төмен қараған үш мүйеш қылып, *тумарша* (*жаўрынша*) тигилген.

Тийкарынан жүн гезлемеден тигилген *шекпен* ер адамлардың салқын күнлери кийген сыртқы кийими болған. Айырым жағдайларда шекпенди постынның сыртынан да кийген. Қысқы сыртқы кийимлер қатарына сондай-ақ, ишине жүн ямаса пахта салып сырылған, узынлығы дизеге шекем келген *гүпи* де кийген.

Шапан ямаса тонды белинен *қайыс, белбеў* ямаса орамал менен байлаған. Жипек гезлемелерден исленген белбеўлер *мәдели* ямаса *түрме* деп аталған.

как полотнище перекидывалось через плечи, швы на плечах отсутствовали. Перпендикулярно полотнищу стана, без вырезной проймы пришиваются прямые рукава. Рукава каракалпакского шапана были более широкие и короткие, достигая кисти рук, в отличие от чапанов соседних народов. Под мышкой почти всегда вшивали ластовицу из другой ткани, в бока – клинья в форме вытянутого усеченного треугольника. Черты своеобразия придавали каракалпакским шапанам цвет и рисунок употреблявшейся здесь лощеной маты, а также манера стегать халаты мелкими стежками вдоль узких полосок рисунка. Наиболее популярными были темно-лиловый и коричневато-малиновый цвета в узкую полоску. Край шапана обшивался узкой плетеной тесьмой *жийек*. Мужская одежда каракалпаков не орнаментировалась. Искусство вышивки – орнаментации было присуще только женской одежде. Ткань для праздничного шапана обязательно покрывалась глянцем на лощильном аппарате.

Для пошива шапанов использовались хлопчатобумажные и шелковые ткани. Существовало два вида шапанов: стеганые сырылған и нестеганые сырылмаған. Шапаны для мужчин среднего и пожилого возраста изготовлялись из хлопчатобумажных тканей. Молодые мужчины предпочитали носить шапаны из шелковых и полушелковых тканей. Кроме того, шапаны молодых мужчин шились из более ярких – красных, зеленых, бордовых тканей в полоску. Обычно шапаны не имели карманов и пуговиц. Стеганый воротник, оторачивался плетеной тесьмой и образовывал у груди два выступа – *жийек жаға*.

Шапаны и рубахи кроились без деталей по прямым линиям. Подобный тунникообразный покрой исходил из ширины ткани и самых общих пропорций человеческой фигуры и вполне отвечал местным климатическим и бытовым условиям. В жаркие дни она пропускала воздух и в ней было прохладно, а в холодные – тепло.

Зимней одеждой мужчин была шуба из овчины *тон* (*постын*). Ее надевали поверх стеганого ватного шапана. Шили шубу мехом вовнутрь. Наружная гладкая сторона овчины окрашивалась в серо-желтый цвет и отделывалась вокруг неширокой красной полосой. Как и шапан, шуба была двубортная и запахивалась слева направо. Характерной особенностью постына являлось обязательное украшение на спине в виде треугольника из той же яркой ткани (*жаўрынша, тумарша*), которой обшивают края. В холодное время мужчины носили *шекпен*, сшитые, в основном, из шерстяных тканей. Иногда шекпен надевали поверх постын. В зимнее время также носили стеганые (внутри клали хлопок или шерсть) *гупи*, достигавший длиной до колен.

Подпоясывались мужчины поясным ремнем, кушаком из ткани или платком *белбеў*. Пояса были из шелковых тканей и назывались *түрме, мәдели*. Носили еще широкие пояса *қамары белбеў* из яловой кожи, иногда с подкладкой из местной ткани (*бөз*). Их украшали крупными металлическими узорными бляхами *қас, бәнт*. Мужчины носили также узенькие кожаные пояса *қайыс* с комплексом подвесок. В комплекс предметов каракалпакского қайыс входили










Буннан тыскары, карамал терисинен исленген, гейде бөзден астар койылған енли *қамары белбеўлер* де болған. Олар темир қаслар, бәнтлер менен нағыслап безелген. Жигитлер жиңишкерек етип кыйылған, темир тағыншақлар менен безетилген *қайыс*лардан пайдаланған. Қайысларға олардың ажыралмас бөлегине айналған қынап (пышақ ушын), шақша (насбай ушын), шайқалта, темеки қалталарды да илип жүрген.

Ер адамлардың бас кийимлери *тақыя, дегелей, шөгирме (қураш), бөрик*тен ибарат болған. Тақыя жумсақ пахта материалдан тигилген. Арнаўлы үскенеде тигилген тақыяны *тоқыма тақыя* деп атаған. Нағыс пенен кестеленгенлери *казба тақыя* делинген. Тақыялардың формасы гүмбез сыяқлы болып, төбеси төрт бөлектен ибарат болып, әдетте сырылып тигилген. Қаснағы көбинесе басқа гезлемелерден тигилип, жийекленген.

Ер адамлардың ең көп тарқалған бас кийими *шөгирме*, ямаса *қураш* болған. Шөгирмени жас қозының жүни 8-10 см болған ўақтағы терисинен, жүнин сыртқа қаратып тиккен. Қарақалпақлар тийкарынан қара, гейде қоңыр реңдеги шөгирмелер кийген. Шөгирмени, сондай-ақ, қоңсылас Хорезм өзбеклери менен түркменлер кийген. Олардың шөгирмесинен қарақалпақ шөгирмелери формасы менен парқланған. Қарақалпақ шөгирмеси онша бийик болмаған, кең жағы жоқарыға қаратып кесилген конус формасында болған. Әсиресе қыстың күнлери ер адамлар шөгирмени мудамы басынан тасламай кийип жүрген, хәттеки жайдың ишинде де басынан шешпей отырған. Жаздың жәзийрама күнлери шөгирмениң орнына, әсиресе дала жумысларын ислегенде, басын қуяштан сақлаў ушын бир тартым ақ орамалды сәлле түринде басына орап жүрген.

*Бөрик* аң (қундыз) терисинен тигилген. *Дегелей*диң тийкары гезлемеден, ернеги келте жүнли қозы териси менен әдипленип тигилген. ХХ әсирдиң орталарына келип ер адамлар жаңа бас кийимлер: *малақай, шляпа, шапка, папах* х.т.б. кийе баслады.

XIX әсирдиң ақыры – ХХ әсирдиң басларындағы ер адамлардың аяқ кийимлеринде айырықша өзгешеликлер сезилмейди. Тийкарғы аяқ кийимлер – *мәси* менен *геўиш* болған. Жаздың ыссы күнлеринде мәси-геўиш ямаса жалаң аяққа геўиш кийген, ал дүзге шыққанда кишигирим өкшеси бар етик кийген. ХХ әсирдиң 20-жылларына келип фабрикада исленген аяқ кийимлер көбирек қалалы турғынлар арасында кең тарқалған. Бурынғы шылғаўдың орнына енди шулық, носки кийе баслаған.

Ақ териден ушы қайрылып тигилген етик – *ақпушта*, ямаса *бәйкем етик* ески аяқ кийимлерден саналады. Ол туўралы қазақ халқында: «бәйкемниң иши қызыл, сырты аппақ, бәйкемниң жайын тапқан қарақалпақ» деген фольклорлық қосық қатарлары бар.

*қынап* – ножны с ножом, шақша – табакерка из рога для жевательного табака, шай қалта мешок с чаем.

Головной убор каракалпаков состоял из мягкой тюбетейки *тақыя* и шапок: *бөрк, шөгирме (қураш), дегелей*. Тақыя имела различные формы и в связи с этим различные названия. Тюбетейки, сотканные на станке назывались тоқыма тақыя. Иногда их делали из бархата – *мақпал тақыя*. Тюбетейки с вышитым на них орнаментом называли казба тақыя – резная тюбетейка. Тюбетейки были куполообразной формы, верх сшивался из четырех частей и обычно был стеганый. Околыш часто делали из другого материала и обшивали тесьмой – *жийек*.

Одним из популярных головных уборов был *шөгирме*. Изготавливали его из шкуры барашка с длинной (до 8-10 см) шерстью черного, реже коричневого цвета. Шөгирме имел форму невысокого усеченного конуса, обращенного широким основанием вверх. Зимою каракалпаки не расставались со своим убором даже в помещении. Во время полевых работ, в летнее время, каракалпакские мужчины, чтобы предохранить головы от палящих солнечных лучей, повязывались платком орамал, слегка скрутив его.

*Бөрик* шили из пушнины. *Дегелей* шился основой из ткани, по краям по кругу отделывали шкуры животных (в осн. барашка). К середине ХХ в. эти виды головных уборов вытесняются другими: *малакай, шапки, шляпы, папахи* и т.д.

Мужская обувь каракалпаков конца XIX – начала ХХ веков не отличалось какими-либо своеобразными чертами. Основным видом обуви мужчин были *мәси* и *геўиш*. В теплое время года носили кожаные галоши с мягкими *ичиг*ами мәси или на босую ногу геўиш, а при выходе из дома – сапоги етик обычного образца с небольшим каблуком. Среди городского населения уже в 20-х годах прошлого столетия была широко распространена различная фабричная обувь – ботинки всех видов и резиновые галоши. Вместо онучей *шылғаў* стали употреблять носки. Одним из старинных видов обуви были сапоги из белой кожи с загнутыми носками – *ақпушта*, которые встречались ещё в конце XIX в. под названием *бәйкем*. В одной казахской народной песне есть такие строчки о каракалпаках: «бәйкемниң иши қызыл, сырты аппақ, бәйкемниң жайын тапқан қарақалпақ» – (букв. «изнутри байкем красный, снаружи белый, а каракалпаки нашли ему [правильное] употребление» –пер. наш).


















# БАЛАЛАР КИЙИМИ

Балалардың ең биринши кийими, егер жөргекти кийим сыпатында алып қарамасақ, *ийт көйлек* есапланады. Ийт көйлек пахта гезлемеден, жағасыз, ийин беттен горизонтал түрде жағаның орны кесип тигилген. Етек пенен жеңиниң ушларына тигис түсирилмеген, қайрылып тигилмеген. Буның еки себеби болған. Бириншиси – баланың етине қатты батпаўы ушын, хәм «егер етеги қайырылып тигилсе, баланың анасы басқа бала көтермейди» деген ырымға байланыслы. Баланың көйлеги ушын гезлеме қыйындыларын жети үйден жыйнаған. Биринши көйлекти балаға жақын туўысқан-ағайинлери әкелип, баланың ата-анасынан буның ушын саўға алған. Ийт көйлекти бала туўылғанынан баслап 40 күнге шекем кийген.

Үш жасқа дейинги бала менен қыздың кийимлеринде парық болмаған. Олар: қапталлары тутас тигилген хәм бастан кийгизилетуғын жыллы *гүртеше*, басына *топпы* – жумсақ, сырылған, төбеси жиңишке баў менен байлап, жыйналған қалташа түриндеги бас кийим. Төбесине байланған жерине үкиниң пәри, майда тумарлар тағып қойылған.

Гүртеше де хәр қыйлы (көбинше пахта, гейде жүннен тоқылған) гезлемелердиң қыйындыларынан тигилген. Пишими туўры, ийнинде тигис қалдырмай, қолтық астында қыйықша – үшкил қосып тигилген. Жағасы дөңгелек, жеңи туўры етип бөлек пишилген хәм гүртеге бириктирип тигилген.

Балалардың, әсиресе, жас өспиримлердиң (12-13 жастағы) кийимлери ересеклердиң кийимлеринен оншелли парқланбаған. Балалар кийими әдеўир әпиўайы болған. Балалардың қыс кийими сырылған *шапан* ямаса пахта гезлемеден тигилген *гупи*ден ибарат болған.

# ДЕТСКАЯ ОДЕЖДА

Первой детской одеждой был *ийт көйлек*. Его шили из хлопчатобумажной ткани без воротника с разрезом на плечевой части. Подол и рукава обычно не подшивались. Подол рубахи ребенка обычно не подшивали по двум причинам. Во-первых, это объясняли тем, что шов может повредить нежную кожу ребенка. Во-вторых – бытовавшим поверьем, что если подшить подол, то мать ребенка больше не будет иметь детей. Куски ткани для детской рубахи собирали не менее чем из семи домов. Первую рубаху приносили близкие родственники и по обычаю получали взамен от родителей ребенка подарки. Подобную рубашку надевали в течение 40 дней.

Одежда детей до 3-х лет мальчиков и девочек, была совершенно одинаковой. Она состояла из теплой рубашки *гуртеше*, одевающейся через голову, и шапочки – *топпы*, представляющей собой мягкий стеганый мешочек, собранный на макушке в пучок, перевязанный тонким шнуром. К торчащему пучку пришивали перья филина и маленькие треугольные обереги – *тумар*. Гүрте тоже шили из разных кусков ткани. Обычно теплые рубашки шились из хлопчатобумажных или шерстяных тканей. Покрой прямой, без шва в плечах, в бока вшиты клинья. Ворот круглый, рукав вшивной, прямой.

Одежда детей, особенно подростков (12-13 лет), мало отличалась от одежды взрослых. Ассортимент детского платья был более скромен. Детская зимняя одежда ограничивалась стёганым *шапаном* или *гупи* сшитыми из хлопчатобумажных тканей.













# ЗАМАНАГӨЙ КИЙИМ

ХХ әсирдиң биринши ярымындағы сиясий-экономикалық, идеологиялық өзгерислер қарақалпақ дәстүрий кийим көринисиниң түпкиликли түрде өзгериўине, кийимниң салт-дәстүр функциясының жойтылыўына, кийимлердиң қурамы ҳәм реңлериниң өзгериўине, кестешилик өнериниң жоқ болып кетиўине алып келди. ХХ әсирдиң орталарына келип Европа үлгисинде тигилген кийимлердиң кең тарқалыўы менен қарақалпақ дәстүрий кийими дерлик толығы менен өзгериске ушырады. Кийимлердеги «классикалық» көркемлеў дәстүрлери жоғала баслады: олардың нағыс-кестелери әпиўайыласты, пишими өзгерди, кийимлерде дәстүрлеримизге жат элементлери кирип келди. Бундай өзгерислер тек қалада емес, ал үрдисли турмыс тәрзи менен дәстүрли мәдeният узақ ўақытлар даўамында күшли сақланған аўылларда да жүз берди. Буның ең баслы себеби – «дәстүрли миллий кийим-кеншеклер – ескилик сарқыты» деген идеологиялық көрсетпелер болды. Бийбаха ҳәм бийтәкирар миллий мәдeният дүрданалары рәсмий мәдeният пенен халқымыздың сән-салтанатлы турмысы шеңберинен жоғалып, тек ғана музейлерден орын алды.

Өзгерислер, биринши гезекте, ер адамлардың кийиминде жүз берди. Дәстүрий кийимлер орнын фабрикада тигилген, европаша үлгидеги кийимлер ийеледи.

Шөгирмениң орнын шапка, шляпа, кепка, малақай киби бас кийимлер ийелесе, үстки кийимлерден дәстүрий көйлектиң орнына илгекли, фабрикада тигилген европаша көйлеклер, заманында бешпенттиң орнына келген камзол да өз гезегинде орнын фабрикада тигилген пиджакқа босатса, шапан орнын плащ, пальто, ыштан-шалбардың орнын фабрикада тигилген, сәдепли, қырлы шалбарлар ийеледи.

Өзгерислер тек пишиминде, ямаса модасында ғана емес, ал кийимниң тигилиў материалында да жүз берди. Жүннен тоқылған жыллы кийимлер, иш кийимлер пайда болды. Синтетик материаллардан (капрон, кремплин, нейлон ҳ.т.б.) тигилген кийимлер көбейди. Бундай кийимлер дәслепки дәўирде халық тәрепинен ерси қабыл етилсе де, соңынан тез тарқалып, «сиңисип» кетти. Ескише, яғный дәстүрий кийиниў санаўлы жасы үлкенлерге ғана тән болып қалды. ХХ әсир орталарына келип кийим дерлик толығы менен европаласты.

Аяқ кийимде де өзгерислер болды. *Мәси-ғәўиш*ти тек жасы үлкен адамлар кийди. Ал орта жастағылар, жаслар фабрикада ислеп шығарылған туфли, етиклер кийди. Жаңа аяқ кийим түри – спорт аяқ кийимлери пайда болды. Егер дәслебинде спорт аяқ кийимин тек мақсетли кийген болса, кейин ала өзиниң қолайлығы себепли күнделикли турмыста да кийиле баслады.

# СОВРЕМЕННАЯ ОДЕЖДА

Существенные изменения традиционных форм одежды, начавшиеся с первой четверти XX века, привели к тому, что постепенно стало утрачиваться обрядовое значение костюма, изменились его состав, цветовое решение, утратилось мастерство вышивки. Обеднение каракалпакского традиционного костюма наблюдалось с середины XX века, с того периода, когда в моду повсеместно вошли европейские образцы одежды. Наметилась утрата «классических» художественных традиций костюма: упростились его орнаментация, изменился крой, были внедрены чужеродные элементы одежды. Эти явления коснулись и села, где традиционно в течение длительного времени сохранялся привычный уклад жизни и традиционная культура. Согласно идеологическим установкам, традиционные костюмы представлялись одним из символов старого и отжившего общества. Бесценные шедевры постепенно стали исчезать из официальной культуры и народного праздничного обихода, найдя свое место в музейных фондах.

Изменения, в первую очередь, коснулись мужского костюма. Традиционные виды одежды в мужском костюме стали вытесняться фабричными европейскими образцами.

Мужчины, особенно городские жители, стали носить пальто и плащи фабричного производства. Дополнением к верхней одежде стали различного рода шарфы, головные уборы: вместо шогирме стали носить шляпы, шапки, кепки, *малахай* и др. Стали модными джемперы и свитера из шерсти ручного и фабричного производства. Место «модных» в свое время камзолов заняли пиджаки, а вместо чапанов стали носить плащи и пальто. Традиционные штаны были заменены фабричными шерстяными и полушерстяными брюками. Широкое применение нашли синтетические материалы. Если поначалу такие формы одежды воспринимались народом с осуждением, то в скором времени они превратились в привычную повседневную одежду. Своего пика европеизация мужского костюма достигла к середине XX в.

Новшества не могли не коснуться обуви. Мужская часть населения перешла на хромовые сапоги и ботинки. Традиционные виды обуви, такие как *мәси* и *ғәўиш*, почти вышли из употребления. К концу же XX века, обувь пополнилась еще одним видом – в моду вошла спортивная обувь. Первоначально этот вид обуви был исключительно молодежным, постепенно к ним приобщились и мужчины среднего возраста.




NUKUS

Бүгинги күндеги ерлер кийими толығы менен «европаласқан» болса да, дәстүрли кийимлердиң айырым түрлери пүткил ХХ әсир даўамында өзин «жойтқан» жоқ. Бул – бәринен де бурын, баскийимлер – тақыя ҳәм шапанлар, сондай-ақ, мәси-геўишлерге тийисли. Буның үстине, мәси-геўиш халықтың кең қатламлары арасында кеңнен пайдаланылды. Бирақ олар да дерлик толығы менен өзиниң негизги түрин жойтты. «Заманагөй» түс бериў ақыбетинде олар көп ғана өзгерислерге дуўшар болды. Улыўма жоқ болып кетпегенлигин айтпағанда, мәсиниң түрлери көбейди (жазғы, қысқы, жумсақ, фабрикада ямаса қолдан тигилген, молния салынған х.т.б.), ал геўиштиң тийкарынан тек фабрикада тигилгени тарқалған, оны тийкарынан жасы үлкен адамлар, базар сатыўшылары, дин ўәкиллери кийеди.

Бүгинги күндеги қарақалпақ кийиминиң дүньяда тарқалған үлгилерден парқы жоқ, миллий өзгешелик сақланбаған. Фабрика кийими халықтың тийкарғы тутыныў буйымына айналды.

Ҳаял-қызлар кийимлериндеги өзгерислерге келетуғын болсақ, ХХ әсирдиң 30-40-жылларына келип олар кескин өзгерди. Дәстүрли кийим түрлери: жегде, шапан, тон қолланыўдан шықты. Әпиўайы етип пишилген миллий көйлеклер орнына жаңа фасондағы ҳәм қурамалы етип пишилген түрлери кирип келди. Узын көйлеклер орнын келте, көкирек бүрмели, жумыс ислеўге қолай көйлеклер ийеледи.

Өткен әсирдиң орталарына келип қызлар менен ҳаяллардың кийимлериндеги дәстүрий өзгешеликлер де жоғалды. Тик жағалы көйлеклер кийиў үрдиске айланды. Усы дәўирден баслап қарақалпақ ҳаял-қызлары европалық үлгидеги үстки кийимди дәслебинде дәстүрий жол менен уйғынластырып кийе баслады. Қызлар менен келиншеклер арасында қайырма жағалы, узын жеңли ҳәм кең, бүрмели юбкалар жүдә кең тарқалды. Усы жыллары крепдешиннен исленген үшкүл (бир тартар) орамал, гүлли жүн орамаллар менен рәңбәрең орайпеклер үрдис болды.

ХХ әсирдиң орталарында үрдиске айланған көкирек бүрмели көйлеклер бүгинги күнге шекем көбинесе жасы үлкен апаларымыздың дәстүрли миллий кийим сыпатында кийетуғын көйлеклери саналады. Бундай көйлеклер түрли реңлердеги пахта гезлемесинен тигиледи, көбирек гүллер менен нағысланған гезлемелер қолланылады. Көкирек бүрме көйлек етеги кеңлеў, көкирек бети бүрилип, көкирек алдына жыйналады. Көйлек тийкарынан төмендеги элементлерден турады: етек, ийни, көкиреги, жеңи ҳәм жағасы. Жазғы көйлеклердиң жеңи келте болыўы да мүмкин, жағасы қайырма жаға. Етеги көбинше тобықтан сәл жоқары етип узынлықта тигиледи.

ХХ әсирдиң басларынан-ақ гежи, орайпек қусаған орамаллар олардың орнын басты. Бурынғы бас ораў ораған апаларымызды өткен әсирдиң 90-жыллары да ушыратыўға болатуғын еди.

Ески кийимлерден бүгинги күнге шекем азлы-кем сақланып келгени – жеңсизлер, бешпентлер есапланады. Тийкарынан қара, жаслар ушын қызыл реңли гезлемелерден (бархат, мақпал х.т.б.) тигиледи. Соңғы 15-20 жыл даўамында кестешилик өнериниң қайта тиклениўи менен, әсиресе жеңсизлерге кесте тоқыў өнери кең ен жаймақта. Техниканың раўажланыўы кестешилик өнерине де өз тәсирин тийгизбей қоймады.

Несмотря на то, что современный мужской костюм почти полностью приобрел вид европейского, все же некоторые виды традиционной одежды достаточно устойчиво сохранялись на протяжении всего ХХ века. Это, в первую очередь, традиционные головные уборы – *тақыя*, мужские шапаны, а также *мәси и геўиш*. Причем последние стали популярны у широких слоев населения, как мужского, так и женского. *Мәси*, в отличие от старинных образцов, претерпели некоторые изменения. Изготовляются из заменителя кожи и для удобства надевания сбоку вставляют молнию. Существует зимний вариант *мәси*, утепленный мехом. Традиционные калоши заменены фабричными. Такую обувь предпочитают носить в основном пожилые люди, базарные торговцы и представители духовенства. Современная одежда каракалпаков не отличается от основной массы одежды мировых образцов, не сохранила в себе национальные особенности. Фабричная продукция является основным товаром народного потребления.

Говоря о трансформации женской одежды, следует отметить, что в конце 30-40 годов ХХ века произошли серьезные изменения. Стали выходить из употребления традиционные виды одежды: *жегде, шапан, тон*. Национальные платья простого покроя заменяли наряды новых фасонов и сложного кроя. Длинные платья заменялись короткими, с отрезной кокеткой, приспособленными к труду.

К середине прошлого столетия исчезло и традиционное различие между платьями девушек и женщин. В моду вошли платья с вертикальным воротником. С этого времени каракалпачки стали носить верхнюю одежду европейского образца, первоначально сочетая ее с традиционным стилем. Среди девушек и молодых женщин стали весьма популярны платья с отложным воротником, длинными рукавами и широкой юбкой в сборку. В эти годы были модны косынки из крепдешина, цветастые шерстяные платки и шали разных расцветок.

Вошедшие в моду с середины ХХ в. платья со сборками на груди и сейчас можно встретить еще на пожилых женщинах. Женщины носят их как вид традиционной одежды. Шьют такие платья из хлопчатобумажных тканей разных расцветок, отдавая предпочтение тканям с цветочными рисунками. Платье состоит из задней плечевой части, кокетки, широкой нижней части, присборенной на груди, рукавов и ворота. Рукава обычно широкие и длинные. Если это летний вариант, то рукав шьется чуть выше локтя. Ворот отложной. Платье длинное, но не доходит до щиколотки.

Еще с начала ХХ в. в моду вошли платки *гежи* и *орайпек*. В 90-гг. ХХ в. можно было встретить еще старых женщин, носивших традиционный *бас ораў*.

Еще один вид традиционной одежды, который, претерпев изменения, все же сохранился в костюме современных каракалпачек – жеңсиз. В последнее время они популярны у женщин среднего возраста. Шьют жеңсиз из недорогих тканей темных расцветок. Обычно прямого покроя, немного приталенный. Края жеңсиз, ворот и подол обшиваются тесьмой или украшаются вышивкой машинным швом.

Современный традиционный костюм молодых женщин представляет собой платье прямого кроя, плотно прилегающее к телу, доходящее до колен с неболь-








XX әсирдиң орталарынан баслап бешпентлерде, жеңсизлерде нағыслар машина жәрдеминде салына баслады. Бүгинги күнде де «миллий»ликти билдирип турыўшы қарақалпақша нағыслар тийкарынан тигиў машиналарында әмелге асырылады.

Үй ишинде кийилетуғын жас келиншеклер көйлеги туўры, денеге шақ етип пишилген, узынлығы дизеге шекем, етегиниң еки қапталынан нағысланып жийекленген азғана қыйықша қалдырылады. Жеңлери туўры, ушы жиңишкерген. Ыштанлар еки түрли болады: узын, тобыққа шекем жететуғын ҳәм жазда кийилетуғын, орташа узынлықтағы (дизеден төменирек). Балақлары тар, аў қойылған, төменги ушы жийекленген болады. Әйне усындай кийимлер бүгинги күнде дәстүрий кийим түри сыпатында қабыл етилсе де, деген менен, бул кийим толық мәнисинде миллийликти көрсете алмайды.

Ҳәзирги қарақалпақ ҳаял-қызлары жумысқа ямаса бәзим-байрамларға әдетте европаша үлгидеги кийимлерди, сондай-ақ, ҳәрқыйлы фасондағы костюм-юбка, костюм-шалбарларды кийеди.

Балалар кийими де толығы менен өзгериске ушырады. Бүгинги күнде ата-аналар балаларға туўылған күнинен-ақ фабрикада таярланған балалар кийимин кийдиреди.

Соңғы 20-25 жыл даўамында, әсиресе елимиз ғәрезсизлик алғаннан кейинги дәўирде миллий мәдениятымызды қайта тиклеўге үлкен итибар қаратыла баслады. Кийимниң мәдениятыда бул процестен шетте қалмады. Биринши лерден болып кестешилик өнери қайта тикленди, республикамыздың барлық жерлеринде өнерментхаял-қызлар мектеплери пайда бола баслады. Дәслеп саўға сыпатында пайда болған, кейин-ала «миллий» деп жүритилип киятырған шапанлар менен бас кийимлер күнделикли кийим түрине айналып, бүгинги күнде базарларда өз қарыйдарларына ийе. Бул киби нағыс түсирилген ерлердиң шапанлары ҳәм шети қайырылған гезлемеден тигилген үш мүйешли «қалпақлар» реңине қарап, яки қарақалпақша нағыс салынғаны менен, миллий кийимлер қатарына жатпайды, әлбетте. Бундай фасонлардың пайда болыўы халықлардың мәдений тәсириниң астында жүз берип отыр.

Көркем-өнер тараўында, әсиресе сахна өнеринде миллий кийимге деген итибар оғада күшейди. Эстрада кийимлерине миллий өзгешелик бериў турақлы тенденцияға айналды. Бул процесслер, әлбетте, «миллий мәдений» темасына байланыслы болғаны менен, тийкарғы үрдис – қарақалпақ ҳаял-қызлар кийимлеринде қолланылған нағысларды бүгинги барлық түрдеги кийимлерге түсириў менен ғана шекленип, нағыслар өзлериниң ҳақыйқый мазмунын жойтып отыр. Соңғы бирнеше жыллар даўамында республикалық көлемде қарақалпақ миллий кийимине арналған таңлаўлар шөлкемлестирилип атырғанлығы да кийимде миллийлик темасының қаншелли әҳмийетли екенлигин дәлиллейди.

Пайтахтымыз Нөкис қаласы бул бағдарда жетекшиликти өз қолына алды. Бүгинги күнде қалада дәстүрий кийим-кеншек тигетуғын бир неше ательелер бар. Олардағы қолы гүл шебер қызлар жаратқан, дәстүрий миллий элементлер менен байытылған заманагөй кийимлер түрли көлемдеги көргизбелерде сыйлы орынларды алып киятыр. Айырым тигиўши қызлар исмлериниң өзи-ақ миллий кийимлеримиздиң сапасы менен гөззаллығының рәмзине айланған болса, тағы бир тигиўшилик мектебиниң

шими разрезами по бокам. Боковые разрезы отделываются тесьмой. Рукава прямые, зауженные книзу. Штаны шьются двух вариантов: длинные до лодыжек и средние – ниже колен (летний вариант). Штаны шьют узкие с клинообразной вставкой посередине *аў* и манжетами снизу. Обычно платье и штаны шьют из одной и той же материи. Несмотря на то, что они не соответствуют первоначальным образцам, но бытуют как вид современной традиционной одежды.

Современные каракалпакские женщины на работу, на торжественные мероприятия носят в основном платья современного европейского образца, а также женские костюмы различных фасонов, в том числе и брючные.

Изменения коснулись и детской одежды. Современные родители надевают на своих детей уже с грудничкового возраста детскую одежду фабричного производства.

В последние 20-25 лет, и особенно после обретения независимости страной, уделяется большое внимание возрождению национальной культуры. Одежда также не осталась в стороне. Одним из первых возродилось ремесло вышивки, появились целые школы по всей республике. Возникшие вначале в качестве «подарочного», воспринимаемые в качестве «национального», вышитые *шапаны* и головные уборы превращаются в повседневную одежду и пользуются спросом на рынке. Подобные вышитые мужские шапаны и головные уборы треугольной формы («калпак») нельзя рассматривать в качестве национальных костюмов, основываясь на орнаменты или цвете материала. По всей видимости появление такой одежды – это результат культурного взаимовлияния народов.

В сфере искусства, особенно сценического, внимание к национальной одежде значительно возросло. Придание национального колорита эстрадному костюму также превратилось в тенденцию. Все эти процессы, хотя и связаны с темой «национальной культуры», ограничиваются лишь нанесением исконно и традиционно женских орнаментов на все виды современной одежды. Орнаменты потеряли свое смысловое значение. Организация республиканских конкурсов, посвященных национальной одежде подтверждают насколько важное значение сегодня придается данному вопросу.

Столица республики – Нукус в этом процессе занимает лидирующую позицию. Сегодня в городе насчитывается несколько ателье по пошиву традиционной одежды. Многие модельеры уделящие большое внимание использованию традиционных элементов в новых моделях, занимают призовые места на выставках. Имена некоторых из них сегодня ассоциируются с качеством и изяществом национального костюма, а девушки-мастерицы других школ делают большую работу по популяризации каракалпакского костюма с подиумов крупных междуна-













шеберлери қарақалпақ миллий кийимлерин халық аралық модалар көргизбелери минберлеринен дүньяға таныттпақта. Тигиў машинасында таярланған көк көйлеклер менен сәўкелелер тойларда келиншеклердиң кийетуғын либасына айланбақта.

Дәстүрий қарақалпақ неке либасы бүгинги күнге шекем өзиниң әхмийетин жойтқан жоқ. Заманымыздың художник-дизайнерлериниң дыққатын тартып турған нәрсе – бул жас келиншектиң дәстүрий байрам кийими болып отыр. Ол тийкарынан алғанда қурамалы болып, елеге дейин халықтың өзлигин аңлатыўшы қәсийетлерин сақлап қалмақта. Байрам кийиминиң функционаллығы, жоқары дәрежедеги көркемлиги хәзирги мода дөретиўшилердиң итибарын өзине тартады. Бул мәдений феноменди сақлап қалыў хәм қайта тиклеў үлкен мораллық хәм патриотлық әхмийетке ийе. Хәзирги ўақытта жәмийетимизде еле де болса миллий дәстүрлеримизди, соның ишинде кийиниў дәстүрлерин үстиртин түсиниў орын алмақта. Жергиликли өзгешеликлер әсте-әсте жойтылып, барлары әпиўайылысып бармақта. Бул болса, халықтың мәдений индивидуаллығының «жуўылып» кетиўине алып келеди.

Улыўма алғанда, кейинги он жыллықлар даўамында әдеўир өзгерислерге ушыраған қарақалпақ халық кийими бир неше формаларда: профессионал художниклердиң өнери, өнерментлик цехлары менен мода үйлери, халық өнерментлериниң индивидуал көркемлик шеберлиги түринде раўажланбақта.

Ателье менен цехларда ҳақыйқый халықлық миллий кийимге тән болған пишимлерден, композициялардан, реңлерден пайдаланылмақта. Авторлық дөретпе коллекциялары қолда хәм машинада тоқылған кестелер менен безетилмекте. Безеўде реңли ленталар пайдаланылмақта, бул бәршеге түсиникли фольклор усылындағы, заманагөй модалар дүньясында белгили орынларға талабан миллий кийимлер жаратыўға жәрдем береди.

Бүгинги күнде модельер-художниклер дөретиўшилиги ушын кең имканиятлар жаратылған. Олар дәстүрий кийимлерди қайта тиклеў менен шуғылланбастан, өзлериниң жеке пикир-түсиниклери хәм музейлеримизде сақланып киятырған кийимлер тийкарында таза кийим образларын жаратпақта.

Халқымыз арасындағы айырым өнерментлердиң дөретиўшилиги миллий кийимниң раўажланыўы ушын үлкен потенциал болып хызмет етеди. Бир тәрептен, оларды ийтермелеп турған нәрсе – өзлериниң көркемлик тәжирийбесин жас әўладқа қалдырыў болса, екиншиден, олардың мақсети – халық кийиминиң өзгешеликлерин үйрениў хәм үгит-нәсиятлаў болып табылады.

родных фестивалей мод. *Көк-көйлек* и *саўкеле*, вышитые машинным способом, популярны на свадебных торжествах и семейных мероприятиях.

На сегодня традиционный свадебный наряд по-прежнему сохраняет свое значение. Привлекает внимание современных художников традиционный праздничный костюм молодой женщины, представляющий собой сложное явление, и все еще остающийся показателем самобытности народа. Создателей современной моды привлекают такие его качества, как функциональность, высокая художественность. Сохранение и воспроизводство этого культурного феномена имеет важный нравственный и патриотический смысл. В настоящее время в обществе все еще преобладает поверхностное понимание традиций, в том числе в области костюма. Происходит упрощение и потеря местных особенностей, что приводит к размытию культурной индивидуальности народа.

В течение последних десятилетий каракалпакский народный костюм, претерпевший существенные изменения, развивается в нескольких формах: искусство профессиональных художников, деятельность художественных цехов и домов моды, индивидуальное художественное творчество народных мастеров.

В цехах и ателье чаще стали использовать крой, композицию, колорит и разнообразные отделки, характерные для подлинного народного костюма. Авторские коллекции украшаются ручной и машинной вышивкой. В отделку внедряются цветные ленты, что способствует созданию костюмов в ненавязчивом фольклорном стиле, претендующие на определенное место в современной моде.

В наше время перед художниками-модельерами открывается широкое поле деятельности. Они не реконструируют традиционный наряд, а создают некие костюмы-образы на основе ассоциативных представлений и изучения музейных подлинников.

Творчество отдельных народных мастеров – также поддерживается желанием передать свой художественный опыт молодому поколению. Деятельность таких мастериц имеет целью изучение и пропаганду народного костюма, что имеет значительный потенциал развития.

















# ҚАРАҚАЛПАҚ КЕСТЕШИЛИК ТЕХНИКАСЫ

Қарақалпақ кестешилигинде ең көп пайдаланылатуғын усыл *илме тигис* (*тамбур*) болып табылады. *Илме* – қалың, бир тәрепleme еркин тигис усылы. Гезлемеге дәслеп ийне менен нағыстың сүлдери салынады. Оның үстинен кишкене көлемде, бир бирине байланған шынжыр түринде кесте түседи. Астарында нағыстың сүлдери менен пунктир сызық түринде кестениң орны қалады. Ҳаяллар кийиминиң көбиси илме тигис пенен кестеленеди.

Екиншиси – *үстки тигис* түриндеги кесте усылы. Бунда сабақ ырғақ түринде тоқылады ямаса тигис туўры қатар болып түседи. Гезлемениң еки тәрепинде бирдей сүўрет пайда болады. Бундай усыл тийкарынан қызыл киймешекте пайдаланылады.

Кестениң үшинши усылы *терис қайыў* деп аталады. Ол диагонал қатар түринде исленеди. Терис қайыў усылында тоқылған нағыслар гезлемениң бетине жүдә сулыў ҳәм дөнип туратуғын жипек фактура пайда етеди. Буннан тийкарынан *қызыл киймешек* ҳәм *шай қалта*ларды тоқығанда пайдаланған. Шай қалта ушын қолда тоқылған көк реңли, көбинесе жолақлы бөзден пайдаланған, бул гезлеме бир ўақыттың өзинде ҳәм фон, ҳәм нағыс пайда ететуғын тигистиң тығыз ҳәм бир тегис орынланыўын тәмийинлеп, гезлемениң фонын толық қаплаў мүмкиншилигин береди.

Және бир кесте түри – *шырыс нағыс* болып, ол бир тәрепleme қалың тигис түринде түседи. Бунда сабақлар диагонал түринде бирин-бири кесип өтеди, ал астарында болса вертикал ямаса горизонтал түринде тигислер қалады. Бул усылдан қолда тоқылған ақ ямаса көк гезлемеден, тийкарынан, ақ киймешек ямаса көк көйleklerди тоқығанда пайдаланған.

Қарақалпақ кестешилик техникасы ҳәр түрли болған: ҳәр бир нағыс түри ушын соған ылайық тигислер болған. Маўытыны кестелеў ушын илме тигис қолланылған. Өсимлик дүньясын сәўлелендирген нағыслар да усы усыл менен орынланған, себеби ол жапырақлардың яки *түйе табан* пақалының нәзик көринисин анық көрсетиўге мүмкиншилик берген. Сонлықтан бул усыл *гүл нағыс* деп те аталады. *Омыртқа, қой тиси* нағыслары, ақ жегдеге түсирилетуғын ири *ғарға тұяқ, сырға нағыс*лары да усы усылда орынланған.

# ТЕХНИКА КАРАКАЛПАКСКОЙ ВЫШИВКИ

Наиболее популярным у каракалпакских вышивальщиц было тамбурное шитье – *илме*. Тамбур – глухой односторонний свободный шов. Выполняется по предварительно нанесенному на ткань рисунку иглой, направленными в сторону стежками в виде небольших петелек, связанных между собой наподобие цепочки. С изнанки образуются мелкие пунктирные стежки, обрисовывающие контуры рисунка. Тамбуром вышито большинство предметов женской одежды.

Кроме тамбурного шва, каракалпачки широко использовали своеобразный «верхошов». При выполнении данного шва нить идет зигзагообразно, либо шов ложится прямыми параллельными рядами. С обеих сторон ткани образуется одинаковое изображение. Употребляются эти швы в основном на *қызыл киймешек*.

Использовали каракалпачки третий вид шва *терис қайыў* (обратный шов). Шьется он диагональными рядами, но при этом в отличие от полукреста стежки ложатся не косо. Шов *терис қайыў* создает очень красивую переливчатую шелковистую фактуру поверхности. Такой шов каракалпачки чаще всего использовали для вышивания *қызыл киймешек* и *шайқалта*. Для *шайқалта* использовали домотканую синюю бязь, чаще всего клетчатую, что давало возможность четко и равномерно расположить плотные стежки, образующие одновременно фон и узоры, сплошь закрывающие основу.

Вышивка крестом – *шырыс нағыс* представляла собой глухой односторонний счетный шов. Выполнялся двумя диагонально пересекающимися стежками при котором с изнанки образуются вертикальные или горизонтальные короткие стежки. Выполняется по белой или синей домотканой материи, редко - по красному сукну. Применяется, главным образом, на *ақ киймешек, көк көйлек*.

Техника каракалпакской вышивки была разнообразной: для каждого типа вышивки существовали характерные швы. Для вышивки по сукну характерен тамбурно-петельный шов. Орнаменты растительного характера чаще всего выполнялись этой техникой одним-двумя стежками. Это давало возможность выявить тонкие изгибы листьев или стебля *түйе табан*. Узоры *омыртқа, қой тиси* выполнялись петельным швом *илме* с петлей на одной стороне. Крупные орнаменты *ғарға тұяқ, сырға* на отдельных ақ жегде вышивались также этой техникой.























# РЕҢЛЕР СИМВОЛИКАСЫ

Қарақалпақ қызларының кестешилик өнери үлкен шеберлик үлгиси болып табылады. Қарақалпақ миллий кийиниў мәдениятында реңлер үлкен әхмийетке ийе. Кестешиликте де хәр бир реңниң өз мәниси бар. Мәселен, қызыл рең кийимде жаслық тымсалы есапланады. Әййемги дәўирлерде қызыл рең қанның реңи менен теңелип, өмирди, күш-жигерди аңлатқан хәм соның менен бирге адамлар онда айрықша сыйқырлы күштиң (жасартыў, тирилтиў, тазартыў) барлығына исенген. Қызыл рең сабақлар тек гезлемеде емес, ал кестешиликте де үстин болған. Көбинесе кийимниң шетлерине, сондай-ақ, кийимниң айырым бөлеклериндеги кишкене деталларға қызыл реңли нағыслы жийек қоса тигилген.

Қарақалпақ кестешилигинде тийкарынан жети рең пайдаланылған. Дәстүрий миллий кийимлерде, әсиресе хаял-қызлар кийиминде қызыл рең жүдә басым болған. Соған қарамастан, қарақалпақ кестешилигинде хәр қыйлы усыллар менен кестеленген айқын рәңбәрең реңлер уйғынлығы көзге тасланады. Мәселен, көриниси бирдей болған нағыслар хәр қыйлы реңдеги сабақлар менен белгили бир ритмикалық избе-изликте сәўлелендирилген. Буның ушын жийек нағысы хәр түрли реңдеги кесимлерге ажыратылады. Нағыста басқа рең пайдаланғанда, изинше қызыл рең келеди. Реңлер алмасыўы төмендегише болады: қызыл-жасыл, қызыл-сары, қызыл-көк х.т.б., бунда жасыл рең өсимлик дүньясының тымсалы болып, бәхәр паслын, өсимликлер реңин аңлатады. Сары рең, басқа халықлардағы сыяқлы, қарақалпақ кестешилигинде жақтылық (қуяш, ай, жулдызлар) рәмзи. Ақ рең – муқәддеслик белгиси. Қоңыр рең – жер тымсалы, ал жер болса – тоқшылық дереги.

# ЦВЕТОВАЯ СИМВОЛИКА

Произведения каракалпакских мастериц-вышивальщиц выполнены с большим вкусом. В каракалпакской культуре одежды цвет имеет особое значение. Также и в вышивке выбор цвета носит свое смысловое начало. Красный цвет ассоциировался в архаичных культурах с кровью – жизненной силой, жизненным началом. Кровь в первобытном мышлении обладала магическими силами, в том числе омолаживающими, животворящими и очистительными свойствами. Нитки красного цвета преобладали не только в тканях, но и в каракалпакской вышивке. Часто края одежды, а также границы вышивки на отдельных предметах одежды обметывались красной плетеной тесьмой.

В каракалпакской вышивке использовался, в основном, семь цветов. Наиболее распространенным в традиционной одежде каракалпаков, особенно женской, являлся красный цвет. Несмотря на преобладание красного цвета, добивалось разнообразие и четкий цветовой ритм, пользуюсь разными приемами. Так, одинаковые по очертаниям фигуры оконтуриваются линией то одного, то другого цвета в определенной ритмической последовательности. Для этой же цели узор каймы делится на отдельные различно окрашенные отрезки. Расцветка расположена так, что после каждого отрезка другого цвета вновь повторяется красный. Так, например, чередование цветов происходит следующим образом: красный-зеленый; красный – желтый; красный – синий и т.д. при этом зеленый цвет ассоциировался с растительным миром. Это цвет растений, символ весны. Желтый цвет в каракалпакской вышивке, как и у других народов, является символом светил. Белый цвет – символ святости. Коричневый – символизирует землю, а земля – это кормилица.



# ҚАРАҚАЛПАҚ КЕСТЕШИЛИК НАҒЫСЛАРЫ

Нағыс – мыңжыллықлар тили, ол көркем өнер түрлериниң ишиндеги ең әййемгиси. Нағысларда, әййемги жазыўлардағы киби, халық даналығы, инсанның дүньяға деген дәслепки көз-қараслары, оның сыйқырлы тәбият күшлерине тәсир көрсетиўдеги дәслепки қәдемлери сәўлеленген. Әпиўайы көринген геометриялық формалар (атанақ, қыйық-ромб, квадрат, дөңгелек х.т.б.) пиктографиялық сүўретлер сыяқлы шәртли белгилер, аспан денелериниң рәмзи сыпатында тән алынып, айырықша муқаддес мәниге ийе болып келген.

Қарақалпақ халқының XIX-XX әсир басларына тийисли кестелериндеги нағыслар тийкарынан хайўанат хәм өсимлик дүньясы, геометриялық мотивлерден ибарат. Булардың бәри де алыс заманлардағы ата-бабаларымыздың мәдениятына тийисли символлар дүньясы болып табылады.

Зооморф мотивлер әййемги заман көркемлик дүньясындағы «хайўанат стили»н (буға, қошқар, нар түйе, ийт, ғарға х.т.б. көриниси), соңынан усы фигуралардың айырым мүшелерин: мүйизлерин, басын, аяқларын хәм т.б. стиллестирип сәўлелендириўге тийкарланған. Усылайынша хәр түрли нағыслар мотивлери жаратылған: түрли көринистеги *мүйизлер (қошқар мүйиз хәм т.б.), ғарға тырнақ/ғарға туяқ, түйе табан, ғаз мойын, қумырысқа бел* х.т.б.

Зооморф нағыслар оғада көп ушырасады. Олар әййемги заманлардағы шарўалар менен дийқанлардың алғашқы дәўир мифологиясы менен көркем өнерине байланыслы ой-пикирлерин, көз-қарасларын сәўлелендиреди. Хайўанлар менен қуслардың реал көриниси тийкарындағы зооморф нағыслар қарақалпақ кестешилигинде тийкарғы орынды ийелейди. Олардың гейпаралары, мәселен, хайўанлар мүйизи хәм излери түриндеги нағыслар ритуал мәниге ийе болған. Мүйиз тәризли нағыслардың бир неше түри бар: *қос мүйиз, төрт мүйиз, сегиз мүйиз, он еки мүйиз*. Ең ески нағыслар қатарына *қумырысқа бел* нағысы киреди. *Түйе табан* нағысы да әййемги нағыслардан есапланады. *Ийт табан, қурбақа нағыс, шаян қуйрық* нағыслары да зооморф нағыслар қатарына киреди.

Қарақалпақ кестешилигиндеги геометриялық элементлер (квадрат, ромб, төртмүйешлик, үшмүйешлик) әййемги нағыслар есапланады. Геометриялық нағысларға олардағы айырым элементлердиң бир-бирине сәйкеслиги, композицияға киргизилген фигуралардың пропорционал бөлиниўи тән болады.

Ромб, квадрат хәм ноқатлар, бәринен де бурын, мәлим санлар менен тәкирарланып келеди. Рең, ритм әлемниң дүзилисин сезиниўге хәм түсиндирип

# ОРНАМЕНТЫ КАРАКАЛПАКСКОЙ ВЫШИВКИ

Орнамент – язык тысячелетий, он старше всех произведений искусства, в нем как в древних письменах отложилась мудрость народа, зачатки его мировоззрения и первые попытки человека воздействовать на таинственные для него силы природы. Простейшие из них, в виде перекрещенного креста, квадрата, ромба, круга, наподобие пиктографического рисунка, являлись условными знаками, символами солнца, и считались священными изображениями.

Орнамент вышивок каракалпаков XIX-XX вв. в своей основе состоит из зооморфных, растительных и геометрических мотивов. Все эти типы орнаментов берут свое начало в культуре отдаленных предков каракалпаков.

В основе зооморфных мотивов – стилизация древнего «звериного стиля»: быка, барана, верблюда, собаки, вороны и др., затем воспроизведение отдельных частей их фигур: рогов, головы, ног и пр., условно представляющих целое. Так возникли орнаментальные мотивы: различные вариации *мүйиз* (рога), *ғарға тырнақ* (коготь ворона), *түйе табан* (верблюжья стопа), *ғаз мойын* (шея гуся) и др.

Зооморфные узоры наиболее многочисленны. Они отражают мир древних скотоводов и земледельцев, связанные с древней мифологией и первобытным искусством. Зооморфные узоры на основе реалистических изображений животных и птиц: быка, верблюда, сокола и других являются основными в каракалпакском орнаменте. Некоторые из них, например, узоры в виде рога и следов животных, имели ритуальное значение. Существует несколько вариантов роговидного узора. Основной из них – *қос мүйиз* – пара рогов, производные *төрт мүйиз* – четыре рога, *сегиз мүйиз* – восемь рогов, *он еки мүйиз* – двенадцать рогов. Очень древним является узор *қумырсқа бел* – талия муравья в виде буквы S. К древним относится узор *түйе табан*. К зооморфным можно отнести узоры – *ийт табан* (собачий след), *қурбақа нағыс* (узор-лягушка), *шаян қуйрық* (хвост скорпиона).

К древним узорам восходят геометрические элементы каракалпакского орнамента. Это квадрат, ромб, четырехугольники, треугольники. Для геометрических узоров характерны равновесие между отдельными элементами, пропорциональное деление фигур, вписанных в композицию.

В ромбиках, крестах, квадратах, точках наблюдается прежде всего повторяемость в определенных числах. Цвет, ритм помогают ощутить и объяснить устройство мира. Числа – элемент особо числового кода, с помощью которого можно представить весь мир и человека, то есть числа могут быть одним из об-














бериўге жәрдемлеседи. Санлар – айырықша сан кодының элементи болып, олар жәрдеминде пүткил дүньяны хәм инсанды көз алдымызға келтире аламыз, яғный санлар әлем образларының бири болып, кийели, яғный мәлим сакрал мәниге ийе. Мәселен, 3 – өмирге байланыслы үш кеңисликти (аспан, жер, жер асты дүньясы), ўақытқа байланыслы үш өлшемди (өтмиш, бүгинги күн, келешек) аңлатса, 4 – мәлим бир пүтинликти, дүньяның төрт тәрепин, төрт мәўсимди, төрт стихияны (жер, хаўа, от, суў) аңлатқан. 7 саны болса – уйғынлық рәмзи (7 рең, 7 күн х.т.б.).

Нағыслардағы ромб, атанақ х.т.б.лар саны усындай кийели санлар қатары менен байланыслы болып келеди.

Ромб хаял адамның тәбиятының, оның өмир даўамшысы екенлигиниң тымсалы. Әйне сонлықтан да ромб тәризли нағыслар жас (перзент көриў жасындағы) хаяллардың кийимлеринде ушырасады. Хаяллар кийиминдеги кестеленген яки тигилген ромб түрин симметриялы жайластырылған нағыслар хаялдың перзентли болыў дәўири менен тиккелей байланыслы. Биринщиден, бул нағыслар көбейиў хәм бахыт-саадат келтиреди деп есапланған, екиншиден, хаялдың аналық функциясын қорғаўшы символ саналған.

Дөңгелек, ямаса шеңбер – қарақалпақ орнаментикасында, яғный нағыслар системасындағы ең әййемги белгилерден есапланады. Бул нағыс формасы дүнья халықларының көпшилигинде қуяшты, планеталарды, жулдызлар әлемин (астрал фигуралар) билдирип, әййемги заманлардан қалған нағыс түриндеги руўхый мийрасқа айналған.

Қарақалпақ өнерментлериниң дөретпелеринде жийи ушырасатуғын нағыслардың бири атанақ болып, оның ушлары нышлы ямаса мүйиз тәризли болып келеди. Этнограф алымлардың изертлеўинше, атанақ белгиси Орайлық Азия халықларының космогониялық хәм сыйқырлы-кәраматлы ҳәдийселер туўралы түсиниклерине байланыслы болып, Қуяш символы саналған. Атанақ хәр қандай жақтылық дереги сыяқлы, қуяш шеңбери де оптикалық жақтан әйне усы форманы аңлатады. Атанақ сүўретин сыза отырып, әййемги адамлар оны жан-жаққа нур шашып турған қуяш сыпатында түсинген. Өмир хәм тиришилик дереги болған Қуяш қурғынлық, тоқшылық түсиниклери менен уйғынласып кеткен.

Өсимлик дүньясына байланыслы нағыслар маўытыны кестелеўде көбирек қолланылған (*қызыл киймешек, жеңсе, жеңуш, шайқалта* хәм т.б.). Өсимликке уқсас нағыслар атанақлы кестелерде де ушырасады (*ақ жегде, ақ киймешек, көк көйлек*). Қарақалпақ нағысларында өсимлик бир пүтин халында сәўлеленбеген, айырым бөлеклери ғана стиллестирилген халында нағысқа түсирилген. Олардың дерлик бәри де *гүл нағыс* деп жүритиледи. Гүл нағыслардан: *ерик гүл, ғаўаша гүл, кәрели гүл* х.т.б. нағыслар ушырасады. Олардың ишинде қызығыўшылық туўдыратуғыны – бул *қоралы гүл*. Бунда гүлдиң әтирапы дөңгелек түриндеги, ушлары ийилген еки сызық пенен оралған, қоршалған болып келеди. Ортасындағы гүл мотиви де бир неше вариантларда: атанақ, жулдыз, жапырақ тәризли болып келеди.

разов мира. Такими числами являются: 3 – три сферы жизненного пространства (небо, земля, подземный мир), времени (прошлое, настоящее, будущее). Число 4 является образом целостности: четыре стороны света, четыре стихии, четыре времени года. Символом гармонии является цифра 7 (7 цветов спектра, 7 дней недели и т.д.).

Количество зубцов, ромбов, крестиков обязательно связывалось с этим рядом магических чисел.

Ромб символизирует женское естество и воспроизводящую в нем силу жизни. Именно поэтому ромбические знаки встречаются на одежде молодых, способных к деторождению женщин. Симметрично расположенные вышитые или нашитые узоры в виде ромба на женской одежде были напрямую связаны с производительным или фертильным периодом в ее жизни. С одной стороны, они содействовали плодородию и благополучию, с другой – выступали охранительным знаком.

Круг – один из древнейших элементов каракалпакской орнаментики. Изображение круга трактовалось у многих народов мира как изображение солнца, планет, звездных миров (астральные фигуры). Ему поклонялись древние скотоводы.

Крест (*атанак*) – один из наиболее часто встречающихся элементов в изделиях народных каракалпакских мастеров с его вариантами – стреловидными или крючковидными (рогообразными) завершениями. Крестообразные фигуры соотносятся с космогоническими или культово-магическими представлениями жителей Центральной Азии и связаны с символом Солнца. Интересно, что «оптическое восприятие солнечного диска, так же, как и любого другого локального источника света, дает именно эту форму. Рисуя крест, древний человек наделял его понятием солнца с отходящими в сторону лучами, Солнце, дающее жизнь и плоды жизни, было родственно и культу плодородия».

Растительный узор преобладает в вышивке по сукну: *қызыл киймешек, жеңсе, жеңуш, шайқалта* и др. Стилизованный растительный узор встречается также в вышивках крестом – в *ақ жегде, ақ киймешек, көк көйлек*.

В каракалпакской вышивке часто не бывает целого, завершенного изображения растения, его природная форма дается схематизировано.

Название «*гүл*» иногда распространяется и на орнаментальное изображение ветки. Встречаются различные варианты цветочных орнаментов: *ерик гүл* – цветок абрикоса, *ғаўаша гүл* – цветок хлопчатника, *қәрели гүл* – цветок сливы и др.

Повсеместное распространение имеет красивый узор *қоралы гүл* (окруженный, огражденный цветок). Цветочный мотив обрамляется двумя линиями округлых форм с закругленными концами. Иногда линиям придается форма парных рогов, соединенных основаниями на вертикальной оси. Цветочный мотив в центре также имеет варианты: крестообразный, звездчатый, лепестковидный.















# ЖУЎМАҚ

Кийим – инсан дөретиўшилигиниң жемиси. Инсаниятттың раўажланыўы менен, ол да раўажланып ҳәм өзгерип барады. Әййемги дәўирлерде дөретилип, ўақыттың өтиўи менен өз заманының эстетикалық ҳәм әмелий талапларына жуўап берген ҳалда байып, өзгерип келген. Дәстүрий ямаса миллий мәденият дегенимизде оның формасы менен мәнисиниң тутас бирлигин түсинемиз. Бүгинги күнде заманагөй кийимлерге миллий өзгешеликлерди енгизиўди усы бағдардағы жаңалық деп баҳалаўға болады. Әййемнен сақланып киятырған музыка мәденияты ҳәзирги заман музыка мәдениятының араласыўы менен әдепки мәнисин жоғалтқанындай, кийиниў мәденияты да ҳәр бир дәўир ҳәм мәканға байланыслы өзгериске ушырап отырады.

Қарақалпақлардың дәстүрий миллий музыка мәдениятын қәстерлеўши, таратыўшылар – бул бизиң жыраў-бақсыларымыз. Олар сахнада атқарған дәстүрий саз-қосықлар ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған миллий кийимлер менен уйғын болыўы ҳәм усылайынша миллий мәдениятымыздың даўамлылығын тәмийнлеўи тийис. Керисинше, миллий элементлерди өзинде сақлап қалған эстрада музыкасы заманагөй талапларға сай болыўы керек. Тап усындай пикирди кийим туўралы да айтыў мүмкин. Кийимлер өзиниң миллий өзгешеликлерин сақлаған ҳалда, әлбетте, ҳәзирги дәўир талапларына да сай болғаны мақул.

Раўажланыўдың узақ жолын басып өткен қарақалпақ кийими XIX әсирге келип миллий көркем өнер дүрданасы сыпатындағы қурамалы ҳәм жоқары дәрежедеги көркемлик ансамбли дәрежесине көтерилди. Оның түрлериниң қәлиплесиўине қоршаған орталық, Қубла Арал бойы халықларының хожалық жүргизиў түрлери, дүньяға көз-қараслары, мәденияты, дөретиўшилиги, диний исенимлери менен миллий дәстүрлери шешиўши тәсир жасады. Қарақалпақ халқының дәстүрий, миллий кийиминиң тарийхы, оның раўажланыўы ҳәм жетилисип барыўы, кийиниў мәденияты усы аймақтағы әййемги цивилизациялар ҳәм пүткил Орайлық Азия халықларының тарийхы менен тығыз байланыслы.

Қарақалпақ кийиминиң түп-тийкары тарийхтың терең қатламларына барып тақалады. Дәстүрий кийимниң раўажланыўы қарақалпақ халқының этногенези менен тығыз байланыслы болып, оның этник ҳәм мәдений келбетиниң өзгешелигин көрсетеди. Сонлықтан қарақалпақ кийими де жүз жыллар даўамында өз алдына этнос сыпатында қәлиплескен халқымыздың узақ өтмишин сәўлелендиретуғын бай мәдений мийрас болып есапланады.

# ЗАКЛЮЧЕНИЕ

Одежда – продукт человеческого творчества. Она развивается и изменяется параллельно развитию человечества. Оформившись в древности, она обогащалась, видоизменялась, отвечая эстетическим вкусам и практическим запросам времени. Традиционная или национальная культура содержит в себе единство формы и смысла. Придание национального колорита современной одежде сегодня можно расценить как новшество. Подобно музыке, вобравшей в себя ритмы древности и современности, создав ощущение потери первоначального смысла, так же и одежда подвержена влиянию времени и пространства.

Хранителями традиционной музыкальной культуры у каракалпаков являются жырау и баксы. Исполняемая ими на сцене традиционная музыка должна гармонично сочетаться с одеждой, обеспечивая преемственность истинно национальной культуры. И наоборот, эстрадная музыка, сохраняющая традиционные черты, должна соответствовать современным требованиям. То же самое можно сказать и об одежде, которая, оставаясь традиционной, должна естественно соответствовать требованиям времени.

Каракалпакский костюм, пройдя длительный путь развития, к XIX столетию в целом оформился в сложный и высокохудожественный ансамбль, представлявший собой шедевр искусства. В формировании ее видов, сыграли роль внешняя среда, хозяйственная деятельность, мировоззрения, культура, творчество, религиозные убеждения и национальные традиции жителей Южного Приаралья. История традиционной национальной одежды каракалпакского народа, ее развитие и совершенствование, культура ношения были непосредственно связаны с древней цивилизацией данного региона и историей народов Центральной Азии.

Истоки каракалпакского костюма восходят к глубоким пластам истории. Развитие традиционного костюма тесно связано с этногенезом каракалпакского народа, с особенностями формирования культурного облика. Народный костюм каракалпаков несет в себе богатейшее наследие культуры прошлого.

Начиная с конца XIX века, каракалпакский традиционный костюм претерпел существенные изменения. Это был период, когда различные политические события, повлекли за собой изменения жизненного уклада,

Қарақалпақ дәстүрий кийими XIX әсирдиң ақырларынан баслап бүгинги күнге дейин қурамалы раўажланыў жолын басып өтти. Бул дәўирде түрли сиясий ўақыялар жүз берди, олар өз гезегинде халықтың материаллық мәдениятына да, руўхый дүньясына да тәсирин тийгизбей қалмады. Сол тәсирлер астында сыртқы көриниси өзгериске ушыраған миллий мәдениятымыздың бир түри – кийиниў мәденияты болды, себеби кийим жүз жыллар даўамында күнделикли турмыс, халықтың социал-экономикалық жағдайына тығыз байланыслы өзгерип отырды. Кийиниў мәдениятына шешиўши тәсирин тийгизип турған хәр дәўирдиң өз кийиниў дәстүри болған, қандай да бир өзгешеликлери жойтылып, басқалары сақланып қалса, улыўма бурын болмаған жаңалықлар қосылып, өз орнын таўа берген. Оларды үйрениў арқалы жәмийеттиң, мәдениаттың раўажланыў басқышларына көз таслаўға болады. Кийим пиширминде, пайдаланылған гезлемеде, нағысларында, тигиў техникасында – булардың бәринде өз заманына тән өзгешелик сақланып қала берген.

Қарақалпақ әмелий көркем өнериниң дүрданалары саналған сәўкеле менен көк көйлек өзинде алымлар ушын елеге шекем изертлеўди талап етип турған жумбақларды сақлап келмекте. Алымлардың пикиринше, әййемги сақ-массагет амазонкаларының дуўлығаларын еслететуғын қарақалпақ сәўкелеси дәўирлер өтиўи менен келиншектиң кестеленген жумсақ гезлемелер менен әшекейленген, қымбат бахалы маржан, мерўерт таслар менен безетилген той либасына айналған. Егер дыққат пенен қарасаңыз, сол таслар металл үстине қатара терип қойғандай туйылады, ал таслардың астынан зергердиң шебер қолынан шыққан бөртикшелер көзге тасланады. Итимал, ўақыт өтиўи менен жаўынгер амазонкалар өзлериниң дуўлығалары менен қылышларын парахат хаял-қызлар өнерментшилиги – кестешиликке өзгертип, жаўынгерлик дәўирлерди еске түсиретуғын нағысларды өз кестелеринде сәўлелендирген шығар. Сәўкеле қайсы бир заманларда амазонкалардың бас кийими болғанлығы туўралы қарақалпақ халқының тәкирарланбас, басқа халықларда сәйкес үлгиси жоқ фольклорлық мийрасы болған «Қырық қыз» дәстаны дәрек береди.

Дәстүрий қарақалпақ кийимин үйрене отырып, әййемги тарийхымызды үйрениўимизге болады. Бизди буннан 2-3 мың жыллар бурын Арал бойын мәкан еткен әййемги массагет қәўимлери менен байланыстырып турыўшы және бир ата мийрас кийим түри – бул *көк көйлек* болып есапланады. Ондағы нағыслардың улыўма *саўыт нағыс* деп аталыўы буннан нешше жүз жыллар бурын амазонкалар кийген саўытларына еликлеў болса әжеп емес. Сәўкеледеги сыяқлы, көк көйлек нағыслары да шебер кестеши хаял-қызлар тәрепинен гезлемеде сәўлеленген, халқымыздың тарийхый өтмишинен дәрек бериўши образлар болып табылады.

Көк көйлектиң кестелениўи айрықша қызығыўшылық туўдырады. Көк көйлектиң алдыңғы тәрепинде шырыс нағыс усылы менен исленген кестелер хаяллардың көкиреги менен қарнын, яғный бәринен де бурын денесиниң зүрияд қалдырыў функциясына байланыслы жерлерин қорғап турғандай түйиледи. Буннан тысқары, көйлектиң кестеленген көкирек бөлеги – турмысқа шыққан, мировоззрения каракалпакского народа. Так как костюм был напрямую связан с бытом, то изменения, нашедшие место в традиционном быту, не могли не отразиться и на народном костюме. Зависимый от социально-экономических условий народный быт испытал на себе многие противоречия. На протяжении десятилетий в народной традиционной одежде новое существовало рядом с традиционным. Наряду с современной городской модой уживались возрожденные старые формы. В разной степени менялась одежда различных поколений. Изучая их можно проследить этапы развития общества, культуры. В покрое одежды, тканях, орнаментах, технике пошива сохранились особенности характерные своему времени.

Такие шедевры прикладного искусства каракалпаков как *саўкеле* и *көк көйлек* до сих пор таят в себе множество загадок. Напоминающий, по мнению ученых шлемы древних сако-массагетских воительниц этот головной убор стал в процессе эволюции венцом свадебного наряда невесты. Каракалпакский саўкеле обильно украшен многочисленными сердоликами и кораллами. Если внимательно всмотреться в него, то кажется, что они усеяны на металлической основе, а местами из под камней можно увидеть, как выделяются искусно изготовленные мастером – зергером небольшие выпуклости. Вполне возможно, что с течением времени воинственные амазонки сменили свои шлемы и сабли на мирный женский промысел – вышивку и стали изображать на своих изделиях узоры, напоминающие о былых временах. Подтверждением тому, что некогда саўкеле был головным убором амазонок, свидетельствует не имеющее аналогию бессмертное творение каракалпакского народа, жемчужина народного творчества – поэма «Кырк кыз».

Изучая традиционную одежду, мы изучаем нашу древнюю историю. Еще одним предметом одежды, связывающим нас с древними массагетскими племенами, проживавшими на берегах Арала 2-3 тысячелетия назад, служит традиционное платье *көк көйлек*. Орнаментацию көк көйлек, получившую название *саўыт нағыс* (букв. орнамент кольчуги), возводят к кольчугам, которые носили амазонки многие века назад. Орнаменты *көк көйлек* представляют собой сохранившиеся в исторической памяти народа образцы, воссозданные позже умелыми руками мастериц на ткани.

Можно предположить, что основное предназначение вышивки в нагрудной части *көк көйлек* это защита женских грудей и живота, т.е. тех частей тела, которые в первую очередь, способствуют продолжению рода. Кроме того, вышитая нагрудная часть платья являлась знаком особого социального статуса замужней женщины, женщины-матери. Следует заметить, что ромбовидные нашивки на женских платьях всегда парные и располагаются по обе стороны грудного разреза. Такую закономерность локализации орнамента на *көк көйлек* напрямую связывают с репродуктивной миссией женщины. Данную нашивку, по мнению исследователей, можно считать магическими знаками,

балалы ҳаялдың айырықша социаллық статусының белгиси. Соны да атап өтиў керек, ҳаяллар көйлегиндеги ромб түриндеги нағыслар да ҳәр қашан да жуп болып, көкиректиң еки тәрепине қойылады. Көк көйлекте нағысларды бундай жайластырыў тәртиби ҳаяллардың репродуктив миссиясы менен тиккелей байланыстырылады. Бул нағыс, илимпазлардың пикиринше, ҳаялдың баланы емизиў қәбилетин қорғайтуғын кәраматлы белгилер деп есапланған. Кийимниң қаншелли бай кестелениўи кийим ийесиниң аналық функциясының соншелли күшли болыўын билдирген.

Турмысқа шықпаған ҳәм өспирим қызлар кийимлеринде нағыслар дерлик ушыраспаса, турмысқа шыққан жас ҳаяллардың кийими кестешилик өнери менен байытылған, ал жасы минген аналарымыздың кийимлери «ағарып», нағыслар сийрексий баслайды. Әбден аппақ кийим болса теберик жастың белгиси болған.

Ҳаял-қызлардың кийими ийесиниң жасын, социаллық дәрежесин көрсетип турған. Қарақалпақ кийиниў мәдениятының миллий өзгешелигин де усы жерде бақлаўға болады, өйткени ҳаял-қызлар кийиминде реңниң әҳмийети күшли. Қызыл реӊ – жаслықты, ақ реӊ – ғаррылықты, көк реӊ – қайғы-азаны, ал нағысқа бай кесте – байрам кейпиятын билдирген.

Ҳәр қашан да ҳаял-қызлар өз дәўириниң модасына сай кийиниўге умтылады. Қарақалпақ ҳаял-қызлары да өзлери жасаған жердеги белгили шеберлери – «кутюрье»лерине өз заманына сай модада кийимлер тиктирип кийген. Бул дәстүр буннан былай да даўам ете береди.

предохранителями, имевшими цель сохранить способность женщины кормить ребенка… Обилие вышивок на одежде женщин было связано с расцветом женщины, ее детородных возможностей.

Если девушки в подростковом возрасте и до замужества носили одежду, на которой почти отсутствовала вышивка, то одежда замужних женщин украшалась богатой вышивкой. По мере взросления одежда женщины обретала светлый, белый цвет, вышивка на одежде пожилых женщин почти отсутствует.

Одежда указывала на социальный статус женщины. В женской одежде ярко выражена национальная особенность народа. В одежде каракалпачек цвет имеет огромное значение: красный цвет – символ молодости, силы, энергии, белый цвет – цвет мудрости, старости, синий цвет – цвет траура, горя. Богатая вышивка (напр.на синем фоне) – придавало праздничное настроение, радость.

Женщина всегда стремилась одеваться согласно веянию моды. Каждая женщина, следуя моде, одевалась у, известного в масштабах своего мирка, кутюрье. Эта традиция сохраняется в жизни женщины и сейчас.

# ӘДЕБИЯТЛАР

# ЛИТЕРАТУРА


1. Алламуратов А. Каракалпакская народная вышивка. Нукус. 1977.
2. Белицер В.Н. Народная одежда удмуртов. М. 1951.
3. Богословская И.В. Каракалпакские саукеле // Декоративное искусство. 2013. № 4. С.50-53.
4. Вайнберг Б.И. Монеты Древнего Хорезма. М. 1977.
5. Есбергенов Х.Е. Ритуальная одежда каракалпачек кок-койлек //Вестник Каракалпакского отделения АН РУз. 2002. № 3. С. 66-68.
6. Есбергенов Х. Каракалпакия в 20-40-гг. XX в. Фотоальбом. Фундаментальной Библиотеки АН РУз. Р-142.
7. Есбергенова С.Х. Кызыл киймешек – ритуальная накидка каракалпачек (к вопросу этнокультурных связей) //Вестник ККО АН РУз. 2002. № 4. С. 83-85.
8. Жданко Т.А. Каракалпаки Хорезмского оазиса // Труды Хорезмской АрхеологоЭтнографической Экспедиции. М. 1952. Т. I. С. 550-561.
9. Жданко Т.А. Быт колхозников рыболовецких артелей на островах Южного Арала //Советская этнография. 1961. № 5. С. 27-43.
10. Жданко Т.А. О близости некоторых исторических традиций у каракалпаков и башкир // Археология и этнография Башкирии. Т. IV. Уфа. 1971. С. 169-171.
11. Захарова И.В., Ходжаева Р.Д. Казахская национальная одежда. XIX- начало XX века. Алма-Ата. 1964.
12. Захарова И.В., Ходжаева Р.Д. Головные уборы казахов (опыт локальной классификации) / Традиционная одежда народов Средней Азии и Казахстана. М., 1989. С. 216-217.
13. Кайдалов Е. Караван-записки во время похода в Бухарию российского каравана под воинским прикрытием в 1824-1825 гг. 3 ч. Москва. 1827-1828.
14. Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII – XIX веках (к истории взаимоотношений с Россией и среднеазиатскими ханствами). Ташкент, 1968.
15. Лобачева Н.П. К истории среднеазиатского костюма (женские головные накидки-халаты) // СЭ. 1965. № 6. С. 34-49.
16. Лобачева Н.П. Из истории каракалпакского женского костюма (к проблемам историко-этнографического атласа Средней Азии и Казахстана) // СЭ. 1984. № 4. С.14-28.
17. Лобачева Н.П. Каракалпакские головные накидки / Традиционная одежда народов Средней Азии и Казахстана. М. 1989. С. 169-181.
18. Лобачева Н.П. К истории среднеазиатского костюма: каракалпакский киймешек / Итоги полевых исследований. 2000. С. 54-71.
19. Материалы по обследованию кочевого и оседлого туземного хозяйства и землепользования в Амударьинском отделе Сырдарьинской области. Ташкент. 1915. Вып. 1.
20. Морозова А.С. Материалы по этнографии ногайцев Северного Кавказа. Нукус. 1946 / Рукоп.фонд Фундам. библ. ККОАНРУз. Инв.№ 915
21. Морозова А.С. Культура домашнего быта каракалпаков начала XX века (к вопросу этногенеза)// Диссер... канд. ист. наук. Ташкент: 1954. / Рук. Фонд Фундаментальной Библиотеки АН РУз. Инв. № РД-247.
22. Небольсин П.И. Очерки Волжского низовья // Журнал Министерства народного просвещения. 1852. Кн. 7–8.
23. Перлина М. Каракалпакские коллекции Государственного музея этнографии народов СССР // Вестник Каракалпакского Филиала АН УзССР. 1969. № 2. С. 59-66.
24. Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. поручиком Гладышевым и геодезистом Муравиным // Географические известия Русского географического общества. 1850. С. 588-589.
25. Россикова А.Е. По Амударье от Петроалександровска до Нукуса // Русский вестник. 1902. № 8. С. 562-588; № 10. С. 630-656.
26. Толстов С.П. К вопросу о происхождении каракалпакского народа // КСИЭ. Вып. II. 1947. С. 69-75.
27. Этнография каракалпаков. Ташкент. 1980.
28. Қосбергенов Р. Қарақалпақ халқының колониаль дәўирдеги мәденияты хәм турмысы. Нөкис. 1970.
29. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Нөкис: Қарақалпақстан. 2003
30. Richardson David and Sue. Qaraqalpaqs of the Aral Delta. Munich-London-New-York. 2012.







# СУЎРЕТЛЕР ДИЗИМИ

# СПИСОК ИЛЛЮСТРАЦИЙ


5. Жас келиншек ҳәм жас жигит миллий кийимде. Молодая женщина и мужчина в национальном костюме.
6. Уршық. Веретено. (РКМ)
7. Гезлемелер. Ткани: Түрме. Алаша. Айдынлы. (РКМ)
Мөреши. Лощильщик. (Х.Е.)
8. Жүн тарақ. Гребень для очеса шерсти. (РКМ)
Жүн гезлеме. Шерстяная ткань.
9. Гезлемелер. Ткани: Шыт. Ушыға.
Көкке боялған бөз. Ситец. Сукно. Бязь крашеная индиго. (D.S.R.)
Шатраш. Пашшайы маталар. Клетчатая х.б. ткань. Шелк пашшайы. (РКМ)
10. Өңирше. Воротник. (РКМ)
11. Келиншек, жас қыз кийими ҳәм кәйўаны хаял кийими. Костюмы молодухи, девушки и женщины в возрасте.
12. Жеңсе. Нарукавник для платьев жеңсе. (РКМ)
13. Көк көйлек. Көйлек кестесинен фрагмент. Кок-койлек и фрагмент вышивки. (РКМ)
Келиншектиң той либасы. Свадебный костюм невесты.
Көк көйлек. Көйлек кестесинен фрагмент. Кок-койлек и фрагмент вышивки. (ГМИК)
14. Жеңуш. Нарукавник для верхней одежды. (РКМ)
Хаяллар бешпенти ушын қарсы илгек. Застежки для женских камзолов. (РКМ)
15. Жоқарғы қатардағылар: хаяллардың қысқы сырма шапанлары. Верхний ряд: женские зимние стеганые шапаны. (РКМ)
Биринши қатар екинши суўрет – ишик шапан.
Вторая сверху – зимний шапан «ишик» с мехом внутри. (РКМ)
Хаяллардың қысқы сырма шапаны. Женский зимний стеганый шапан. (РКМ)
Хаяллардың жазғы шапаны. Женский летний шапан. (РКМ)
Бешпентлер. Камзолы. (РКМ)
16. Жас келиншектиң байрам кийими. Праздничный наряд молодой женщины.
Қызыл жегде. Артынан көринис. Кызыл жегде. Вид сзади. (РКМ)
Мақпал шапан. Велветовый чапан. (D.S.R.)
Қызыл жегде. Алдынан көринис. Красный жегде. Вид спереди. (РКМ)
Хаяллар бешпенти. Женский камзол. (А.Мелков. РКМ)
17. Ақ жегде. Алдынан көринис. Ак жегде. Вид спереди. (РКМ)
Ақ жегде. Артынан көринис. Ак жегде. Вид сзади. (РКМ)
Ақ жегде. Алдынан көринис. Ак жегде. Вид спереди. (РКМ)
Ақ жегде. Артынан көринис. Ак жегде. Вид сзади. (РКМ)
Кәйўаны хаял кийими. Костюм женщины в возрасте
18. Қызыл киймешектиң нағысынан фрагмент. Фрагмент вышивки кызыл кимешек. (РКМ)
19. Қызыл киймешек кийген түрмели жас келиншек. Алдынан көринис. Молодая женщина в қызыл киймешек с красным тюрбаном «турме». Вид спереди.
Қызыл киймешек кийген жас келиншек. Арқасынан көринис. Молодая женщина в қызыл киймешек. Вид сзади.
Қызыл киймешек. Алдынан көринис. Вид спереди. (РКМ)
Ақ киймешек алдылары. Передние части ақ киймешек (РКМ)
Қызыл киймешек кийиў усылы. Алдынан ҳәм қапталдан көринислер. Как надевать кызыл кимешек. Вид спереди и сбоку.
Қызыл киймешек. Қызыл киймешек алдылары. Кызыл кимешек. Передние части кызыл киймешек (РКМ)
20. Жыға – сәўкелениң маңлай алды. Деталь налобной части саўкеле «жыга» (ГМИК)
21. Сәўкеле ҳәм киймешек кийген келиншек. Невеста в саукеле и киймешек.
22. Сәўкеле. Алдынан көринис. Саукеле. Вид спереди. (РЭМ)
Сәўкеле. Алдынан көринис. Саукеле. Вид спереди. (ГМИК)
Сәўкеле халақасы менен. Саукеле с халака (вид сзади). (ГМИК)
Сәўкеле халақасы менен. Саукеле с халака (вид сзади). (РЭМ)
23. Сәўкелеге кийилген төбелик. Тобелик надетый на саукеле. (РЭМ)
Төбелик: Алдынан ҳәм артынан көринис. Тобелик. Вид спереди и сзади. (ГМИК)
24. Хаяллар аяқ кийими – зерли геўиш. Вид женской обуви – зерли геуиш (РКМ)
25. Ақ бас ораўлы (түрмели) кәйўаны хаял. Женщина в возрасте в белом турме.
Қызыл түрмеораған жас келиншек. Молодая женщина в красном түрме.
Пөпекли тақыя кийген қыз. Девушка в такыя с помпоном.
Пөпекли тақыя. Тюбетейка с помпоном. (РКМ)
Қызлар тақыясы. Девичья тюбетейка. (РКМ)
Пөпекли тақыя. Тюбетейка с помпоном. (РКМ)
26. Ерлер шапанына салынған шабыў. Разрез по бокам на мужском шапане. (РКМ)
27. Жас жигит кийими. Костюм молодого мужчины.
Ерлер көйлеги. Мужская рубаха. (РКМ)
Кестеленген муйтен (тик) жағалы ерлер көйлеги. Мужская рубаха с вышитым воротом «муйтен жага». (А.Мелков. РКМ)
Ерлер жазғы шапаны. Мужской летний шапан. (РКМ)
28. Тумарша, жаўырыншалар. Обереги «жаурынша». (РКМ)

29. Ерлер жазғы шапаны. Мужской летний шапан. (РКМ)
Ерлер қысқы сырма шапаны. Мужской зимний стеганый шапан. (РКМ)
Ерлер шапаны. Қапталдан көринис. Мужской шапан. Вид сбоку.
Шекпен. Алды ҳәм арқасынан көринис. Мужской шекпен. Вид спереди и сзади. (D.S.R.)
Постын. Тулуп. (РКМ)
30. Қайыс. Қайыс тоғалары. Пояс. Бляхи поясные. (РКМ)
31. Жоқарыдан еки суўрет: Шөгирмелер. Две илл. сверху: Шогирме. (РКМ)
Жоқарыда кейинги еки суўрет: Дегелей.
Две последние илл.: Дегелей. (РКМ)
Екинши қатардағы дәслепки еки суўрет: жас балалар ҳәм жигитлер тақыялары.
Первые две илл. на втором ряду: тюбетейки мальчиков и юношей. (РКМ)
Ерлер тақыясы. Мужская тюбетейка. (РКМ)
Ерлер геўиши. Байкем етик. Мужские калоши. Зимние сапоги байкем. (РКМ)
32. Ерполат жыраў менен жас алым К.Айымбетов. Ерполат жырау и молодой ученый К.Аимбетов. (РКМ)
33. Күраш кийген жигитлер. Молодые мужчины в кураш. (А.Мелков. РКМ)
Қойлы гиржекши. Музыкант Койлы Ахмедов. (РКМ)
34. Балалар тақыялары. Тақыядағы тумар. Детские тюбетейки. Оберег на тюбетейке. (РКМ)
35. Бала шапан. Бала тон. (РКМ). Гүртеше. (ГМИК). Детский шапан. Детская шуба. (РКМ). Детский гурте. (ГМИК).
Балалар кийими – «ийт көйлек». Детская рубашка «ит койлек». (ГМИК)
Бала жеңсиз. Детский жилет. (А.Мелков. РКМ)
37. Заманагөй ҳаяллар күнделикли кийимлери. Женщины в современной повседневной одежде.
39. Ҳаяллардың узын жең көкирек бүрме көйлеги. Женское платье со сборкой на груди с длинными рукавами. (РКМ)
Жеңсиз. Бешпент. Безрукавка. Камзол. (РКМ)
Ҳаяллардың келте жең көкирек бүрме көйлеги. Женское платье со сборкой на груди с короткими рукавами. (РКМ)
Жеңсиз. Безрукавка. (А.Мелков. РКМ)
40. Балалар кийими – «ийт көйлек». Детская рубашка «ит койлек». (Г.Е.)
41. Заманагөй күнделикли көйлектеги келиншек. Молодая женщина в современном повседневном платье. (Г.Е.)
Заманагөй жеңсиздеги ҳаял. Женщина в современной безрукавке. (А.Н.)
Заманагөй миллий нағыс салынған ҳаяллар байрам көйлеги. Современное праздничное платье с вышитым воротом. (Г.Е.)
Кестеленген заманагөй балалар кийимлери. Вышитые современные детские костюмы. (А.Н.)
43. Заманагөй миллий байрам ҳәм той либаслары. Современный национальный праздничный и свадебный наряды. (А.Н.)
44-45. Мода көргизбелеринде қарақалпақша стиль. Каракалпакский стиль на подиумах моды.
47. Кесте техникалары: Илме. Терис қайыў. Шырыс. Үстки тигис түри Техника вышивки: Тамбур. Обратный шов. Вышивка крестом. Вид «верхошов».
48. Жийек тоқыў. Плетение жийек. (D.S.R.)
49. Кестедеги реңлер жарасығы. Цветовая гармония вышивки.
51. Нағыслар: бақа нағыс, қумырысқа бел, ғаз мойын, қумырысқа бел., қосмүйиз ҳәм атанақ, түйе табан, қоралы гүл. Ҳәрқыйлы түрдеги гүл нағыслары.
Узоры: лягушка, талия муравья, шея гуся, талия мурвавья, парные рога, крест, стопа верблюда, цветок в ограде. Цветочные мотивы в разных формах.
53. Ырғақ. .Атанақ. Ромб. Келеп ағаш. Солақ. Тусаха. Төрт мүйиз. Шаян қуйрық. Қарсы мүйиз. Сырға нағыс. Шахмақ. Қарсы мүйиз түри.
Зигзаги. Крест. Ромб. Рубанок. Левша. Цепочка. Четыре рога. Хвост скорпиона. Зеркальные рога. Серьги. «Кремень». Разновидность «зеркальные рога».
58-59. Сахна кийимлери. Сценические костюмы.
62. К.Бердимуратов. Қыз узатыў. Проводы невесты. (РКМ)

РКМ – Республика үлкетаныў музейи. Республиканский краеведческий музей.
ГМИК – Қарақалпақстан мәмлекетлик көркем-өнер музейи. Государственный музей искусств Каракалпакстана.
D.S.R – David and Sue Richardsons.
Г.Е. – Гулнара Ембергенова коллекциясы. Коллекция Гульнары Ембергеновой.
А.Н. – Айзада Нурымбетова коллекциясы. Коллекция Айзады Нурумбетовой.
А.Мелков. – А. Мелков фотоальбомы. 1929. Республика үлкетаныў музейи фондынан.
Альбом А.Мелкова. 1929. из фонда Республиканского краеведческого музея.
Х.Е. – Есбергенов Х. Каракалпакия в 20-40-гг. XX в. Фотоальбом. Фундаментальной Библиотеки АН РУз. Р-142.


Б.Кауендер 19

# МАЗМУНЫ

# СОДЕРЖАНИЕ


| | | |
|---|---|---|
| Кирисиў | 3 | Введение |
| Кийим-кеншек ушын гезлемелер | 6 | Ткани для одежды |
| Ҳаял-қызлар кийими | 10 | Женский костюм |
| Ерлер кийими | 26 | Мужской костюм |
| Балалар кийими | 34 | Детская одежда |
| Заманагөй кийим | 36 | Современная одежда |
| Қарақалпақ кестешилик техникасы | 46 | Техника каракалпакской вышивки |
| Кестедеги реңлер символикасы | 49 | Цветовая символика вышивки |
| Қарақалпақ кестешилик нағыслары | 50 | Орнаменты каракалпакской вышивки |
| Жуўмақ | 54 | Заключение |
| Әдебиятлар | 57 | Литература |
| Суўретлер дизими | 60 | Список иллюстраций |

Карлыбаев Максет Абдибаевич,
Курбанова Земфира Ибрагимовна

**КАРАКАЛПАКСКИЙ КОСТЮМ. ФОТОАЛЬБОМ**

Редактор: А.Альниязов
Художественный редактор: Г.Шерниязова
Технический редактор: В.Султангулова
Корректор: В.Султангулова
Дизайн и компьютерная верстка: А.Маткаримов
Фотографы: А.Канназаров, А.Маткаримов

Издательская лицензия AI № 137. 27.04.2009 г. Разрешено в печать: 23.12.2013.
Формат 70x901/8. Гарнитура «Times New Roman». Офсетная печать.
Усл. печ.л. 8,0. Издат. п.л.7,44. Тираж 1000 экз. Заказ № 639.
Цена договорная.
Издательство «Илим». 230100, Респблика Каракалпакстан, г. Нукус, просп. Бердаха 41
Отпечатано в типографии ООО «NISO POLIGRAF».
100182, г. Ташкент, ул. Х. Байкары, 51.